**ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ**
**ЖОҚАРЫ ҲӘМ ОРТА АРНАЎЛЫ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРЛИГИ**

**ЖОҚАРЫ БИЛИМЛЕНДИРИЎ СИСТЕМАСЫ ПЕДАГОГ ҲӘМ БАСШЫ КАДРЛАРДЫ ҚАЙТА ТАЯРЛАЎҲӘМОЛАРДЫҢҚӘНИГЕЛИГИН АСЫРЫЎДЫ ШӨЛКЕМЛЕСТИРИЎ БАС ИЛИМИЙ – МЕТОДИКАЛЫҚ ОРАЙЫ**

**ҚАРАҚАЛПАҚ МӘМЛЕКЕТЛИК УНИВЕРСИТЕТИ ЖАНЫНДАҒЫ ПЕДАГОГ КАДРЛАРДЫ ҚАЙТА ТАЯРЛАЎ ҲӘМ ОЛАРДЫҢ ҚӘНИГЕЛИГИН ЖЕТИЛИСТИРИЎ АЙМАҚЛЫҚ ОРАЙЫ**

# “ДИНТАНЫЎ ПӘНИНИҢ РАЎАЖЛАНЫЎЫНДА ДЕРЕКТАНЫЎШЫЛЫҚ МӘСЕЛЕСИ” МОДУЛЫ БОЙЫНША О Қ ЫЎ –М Е Т О Д И К А Л Ы Қ К О М П Л Е К С

**Нөкис 2019**

***Модулдың исши оқыўбағдарламасыӨзбекстанРеспубликасыЖоқарыҳәмортаарнаўлыбилимлендириўми нистрлигиниң 2019жыл ________ ____-санлы буйрығыменен тастыйықланған үлги оқыў режеҳәмбағдарламалар тийкарындаислепшығылған.***

**Дүзиўши: ҚМУ Социаллық пәнлер кафедрасы доценти М.К.Максетова**

**Пикир билдириўшилер: ф.ф.д. проф.А.К.Бердимуратова**

**ф.ф.к., доц.М.А.Якубов**

*Исши окыў бағдарламасы Аймақлык орай Илимий-методикалық кеңестиң 2019 жыл «__» _________дағы ___ - санлы қарары менен тастыйықланған.*

*Оқыў методикалық комплекс Аймақлык орай Илимий-методикалық кеңестиң 2019жыл «__» _________дағы ___ - санлы қарары менен басып шығарыўға усынылған.*

# МАЗМУНЫ

I. ИСШИБАҒДАРЛАМА ..................................................................................... 4
II. МОДУЛДЫ ОҚЫТЫЎДА ПАЙДАЛАНЫЛАТУҒЫН ИНТЕРАКТИВ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МЕТОДЛАРЫ. ........................................................... 8
III. ТЕОРИЯЛЫҚСАБАҚ МАТЕРИАЛЛАРЫ ............................................... 11
IV. ӘМЕЛИЙСАБАҚ МАТЕРИАЛЛАРЫ...................................................... 47
V. КЕЙСЛАР БАНКИ ........................................................................................ 59
VI. ҒӘРЕЗСИЗБИЛИМЛЕНДИРИЎТЕМАЛАРЫ .......................................... 62
VII. ГЛОССАРИЙ ............................................................................................... 61
VIII. ӘДЕБИЯТЛАР ДИЗИМИ ......................................................................... 65

# I. ИСШИ БАҒДАРЛАМА

Кирисиў

БағдарламаӨзбекстан Республикасы Президентиниң 2015 жыл12 июндағы "Жоқары билимлендириў мекемелериниң басшы ҳәм педагог кадрларын қайта таярлаўҳәмқәнигелигин асырыўсистемасын жәнедежетилистириў шара илажлары ҳаққындағы" ПФ-4732-санлы, 2017 жыл 7 февралдағы "Өзбекстан Республикасын жәнедераўажландырыўбойынша Ҳәрекетлер стратегиясыҳаққындағы" ПФ-4947-санлыПәрманлары, сондай-ақ 2017 жыл 20 апрелдеги Жоқарыбилимлендириўсистемасынжәнедераўажландырыўшара-илажларыҳаққындағы" ПҚ–2909-санлы қарарында белгиленгенүстинликке ийе ўазыйпалар мазмунынан келипшыққанжағдайда дүзилгенболып,олҳәзирги заман ҳәзирги заман талапларытийкарында қайта таярлаўҳәмқәнигелигин асырыўпроцессleriниңмазмунынжетилистириў ҳәмдеЖоқарыбилимлендириўмекемелери педагог кадрларының кәсиплик компетентлигин турақлыасырыпбарыўдымақсет мақсетқылады.

Жәмийетраўажланыўы тек ғана мәмлекетэкономикалықпотенциалының жөкарылығы менен, бәлкибулпотенциал ҳәр бир инсанның камал табыўыҳәмуйғын раўажланыўына қаншелли бағдарланғанлығы, инновациялардыенгизиў менен де өлшенеди. Демек, билимлендириўсистемасынәтийжелилигин асырыў, педагоглардыҳәзирги заман билим ҳәмдеәмелийкөнликпеҳәмқәнигеликлер менен қуралландырыў, шетел алдыңғы қатар тәжирийбелерин үйрениўҳәмбилимлендириў әмелиятына енгизиў бүгинги күнниңактуальўазыйпасы болып есапланылады. "**Динтаныў пәниниң раўажланыўында деректаныўшылық мәселеси"** модулымине усы бағдардағы мәселелерди шешиўге қаратылған.

"**Динтаныў пәниниң раўажланыўында деректаныўшылық мәселеси"** модулыоқытыўда алдыңғы қатар сырт елтәжирийбелерлекцияҳәмәмелийсабақларды өзлестириў процессинде тыңлаўшылар Европа, Америка қурама штатлары, Россия ҳәмбир қатар Азия мәмлекетлериниң мәмлекетлериниң"**Динтаныў пәниниң раўажланыўында деректаныўшылық мәселеси"** пәнлерин оқытыў процессиниң шөлкемлестирилиўи, модуль-кредит системасы, пәнлердиң бөлистирилиўи, жетекши сырт ел жоқары оқыўорынларында баспадан шыққан оқыўлықлар, оқыўҳәмметодикалық қолланбалар ҳаққындакөз қараСқа ийеболады.

**Модулдың мақсетиҳәмўазыйпалары**

"**Динтаныў пәниниң раўажланыўында деректаныўшылық мәселеси" модулыноқытыўданмақсет:** Жоқарыоқыўорынлары профессор-оқытыўшыларменен глобалласыў процессиниңөзинетәнөзгешеликлери, оныүйрениўҳәманализ қылыўға қаратылған алдыңғы қатар сырт елтәжирийбелеринүйрениўарқалы усыбағдардағыбилимлендириўпроцессин муўапықластырыўҳәм мазмунлық жақтан байытыў, глобалласыўдың миллий-мәнаўиятымызға қәўипибойынша мағлыўматлардыбериўнәтийжелилигин асырыўға жәрдем беретуғынҳәзирги заман қатнасларҳәмде

педагогикалықҳәмхабар технологияларыменен таныстырыў, миллий идея, мәнаўияттийкарлары, динтаныў тараўындажоқары дәрежели қәнигели кадрлар таярлаў сыпатын асырыў.

**Модулдың ўазыйпалары:**

- Республика жоқары оқыў орынларында Динтаныўпәнин пәнинраўажланыўындадеректаныўшылықмәселесибилимлендириў структурасын муўапықластырыў:

- Республика жоқары оқыў орынларында Динтаныўпәнинраўажланыўындадеректаныўшылықмәселесибилимлендириўиниңмазмунын жетилистириў;

- Республика жоқары оқыў орынларында Динтаныўпәнинраўажланыўындадеректаныўшылықмәселесиноқытыў методикасының тийкарғы тийкарғымашқалалары, билимлендириў-тәрбия процессин заман талапларына сайжағдайдашөлкемлестириўҳәм басқарыў;

**Пән бойынша тыңлаўшылардың билими, көнликпеси, қәнигелиги ҳәм компетенцияларына қойылатуғынталаплар**

"Динтаныўпәнинраўажланыўындадеректаныўшылықмәселеси" курсын өзлестириўпроцессиндеәмелге әмелгеасырылатуғынмәселелершегарасында**:**

**Тыңлаўшы:**

- Дүнья жетекши университетлериниңоқыў режелери;
- модул шегарасындасырт елоқыўлықлар, оқыў қолланбаларының структурасы;
- дүньяҳәм республикамызда усымодулдың раўажланыўы ҳаққындабилимлергеийе болыўы;

**Тыңлаўшы:**

- Динтаныўпәнинраўажланыўындадеректаныўшылықмәселесипәнлериниң модулын жаратыў;
- Динтаныўпәнинраўажланыўындадеректаныўшылықмәселесимодулын оқытылыўында кейс, проектҳәмбасқа технологияларды қоллаўкөнликпеҳәмқәнигеликлерин ийелеўи;
- Алдыңғы қатар сырт ел университетлеринде колланылатуғын модуль, ассесмент, кейс ҳәмбасқа интерактивусылҳәм технологияларды;
- Оқытыўпроцессиндедүньяҳәм республикада мәнаўияттийкарлары, Динтаныўпәнининң раўажланыў тенденцияларын;
- креативлик ҳәмдөретиўшилктимәнаўияттийкарлары, динтаныўшылыққә тийисли пәнлерди оқытыўда қоллана алыў компетенциялеринийелеўи лазым.

**Модулды шөлкемлестириўҳәмөткизиўбойыншаусынислар**

“Динтаныўпәнинраўажланыўындадеректаныўшылықмәселеси” жаңа модул болғанлығысебеплисабақ даўамында даўамында модулды мазмумлық жақтан байытыўтыңлаўшыларөз тәжирийбелериненҳәм интернет тармақларынан алған материалларынтаныстырыўы мақсетке муўапық.

Курстыоқытыўпроцессиндекишитопарларда ислеў, аудитория сабақларынан алдын мағлыўматлар мененбилимлендириўдиң билимлендириўдиң ҳәзирги заман методлары, педагогикалық технологиялар ҳәмхабар-коммуникация технологиялары қолланылыўы нәзерде тутылған. Ҳәр бир тыңлаўшыушынДинтаныўпәнинраўажланыўындадеректаныўшылықмәселеси пәниноқытылыўындаөзтәжирийбелеринҳәмалдыңғы қатар сырт елтәжирийбелерин салыстырыўушынимканиятларжаратылады. Республикамыздыңжоқары оқыў орынларында қолланылыўымүмкинболғанусыл, қуралларҳәм технологияларды таңлапалыўушын тыңлаўшылардан әмелийбелсендилик талапетиледи.

**Пәнниң оқыў режедеги басқапәнлермененбайланыслылығыҳәмизбе излилиги**

“Динтаныўпәнинраўажланыўындадеректаныўшылықмәселеси” модулы мазмуныоқыўрежедегиалдыңғы қатар билимлендириў технологияларыҳәмпедагогикалықбағдардағы (кәсиплик компетентлик ҳәм креативлик, ҳәзирги заман педагогикалық технологиялар ҳәм басқ.), хабар коммуникацион технологияларын ашып бериўши барлық модулларымененөз ара байланыслы. ЖоқарыоқыўорынларындаДинтаныўпәнинраўажланыўындадеректаныўшылықмәселесиоқытыўнәтийжелилиги, республикамызда пәнниң раўажланыўы, оныоқытыўғатийислиҳәзирги заман билим ҳәм көнликпелериҳәмдеалдыңғы қатар педагогикалықҳәмхабар технологиялар қолланылғанда әмелгеасады.

**МодулдыңЖоқарыбилимлендириўдеги орны**

Модулдыөзлестириўарқалы тыңлаўшыларалдыңғы қатар сырт ел мәмлекетлериндеДинтаныўпәниноқытыўды шөлкемлестириўдиң сырт елтәжирийбелеринүйрениў, әмелде қолланыўҳәм баҳалаўға тийисли кәсиплик компетентликкеийеболады. СоңғыжылллардаДинтаныўпәнинраўажланыўындадеректаныўшылықмәселеси пәниндеги жетискенликлерҳәмперспективалар Жоқарыоқыўорынларындағыбилимлендириўпроцессиниңмазмунын байытыўғахызметқылады.

**“Динтаныўпәнинраўажланыўындадеректаныўшылықмәселеси”**
**Модулының саатлар бойыншабөлиниўи**

| № | Модул темалары | Тыңлаўшыныңоқыў жүклемеси, саат | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | Ҳәммеси | Аудитория оқыўжүклемеси | | | | Өзбетинше билимлендириў |
| | | | Жәми | Соның ишинде | | | |
| | | | | Теориялық | Әмелий | көшпели | |
| **1.** | Диний дереклердиүйрениўмашқалалары | **4** | 4 | 2 | 2 | | |
| **2.** | Яҳудийлықҳәмхристианлық диний дереклерди | **4** | 4 | 2 | 2 | | |
| **3.** | Зардуштийлик дереклери | **4** | 4 | 2 | 4 | | |
| **4.** | Ҳиндистан ҳәм Қытай динлеридереклери | **8** | 6 | 2 | 4 | | 2 |
| **5.** | Ислам динидереклери | **10** | 8 | 2 | 4 | | 2 |
| **Жәми:** | | **30** | **26** | **10** | **16** | | **4** |

## БАҲАЛАЎ ӨЛШЕМЛЕРИ

| № | Оқыў-тапсырма түрлери | Максимал балл | Баҳалаў өлшемлери | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | 2,5 | "айрықша" 2,2-2,5 | "жақсы" 1,8-2,1 | "орта" 1,4-1,7 |
| 1. | Тест-сынақ тапсырмаларын орынлаў | 0,5 | 0,4-0,5 | 0,34-0,44 | 0,28-0,3 |
| 2. | Оқыў-проект ислерин орынлаў | 1 | 0,9-1 | 0,73-0,83 | 0,56-0,7 |
| 3. | Өзбетинше жумыс тапсырмаларын орынлаў | 1 | 0,9-1 | 0,73-0,83 | 0,56-0,7 |

## II. МОДУЛДЫОҚЫТЫЎДА ПАЙДАЛАНЫЛАТУҒЫН ИНТЕРАКТИВБИЛИМЛЕНДИРИЎ МЕТОДЛАРЫ.

**«ПСМУ» методы**

**Технологияның мақсети:** Бул технология қатнасыўшыларындағыулыўмапикирлерденжеке жуўмақлар шығарыў, салыстырыў, қыяслаўарқалы информацияны өзлестириў, жуўмақластырыў, сондай-ақ, ғәрезсиздөретиўшилик пикирлеў көнликпелерин қәлиплестириўге хызметқылады. Бул технологиядан лекциясабақларында, беккемлеўде, өтилген теманы сораўда, үйге тапсырма бериўдеҳәмдеәмелийсабақ нәтийжелерин анализетиўдепайдаланыўусыныс етиледи.

**Технологиянысәмелгеасырыўтәртиби:**

- қатнасыўшыларға темаға тийислиболғанжуўмақ якиидеяусыныс етиледи;
- ҳәр бир қатнасыўшығаПСМУ технологиясының басқышларыжазылған қағазларды тарқатылады:
- қатнасыўшылардың қатнасықлары индивидуал якитопарлықтәртиптепрезентацияқылынады.
- П - пикириңизди баян етиң
- С - пикириңиздиң баянына себеп көрсетиң
- М - көрсеткен себеиңизди дәлиллеп мысал келтириң
- У – пикириң изди улыўмаластырың

ПСМУ анализи қатнасыўшыларындакәсиплик-теориялық билимлерди әмелийшынығыўларҳәмбартәжирийбелертийкарында тезирекҳәмтабыслы өзлестириўге тийкарболады.

**Үлги:** “Динлерни үйрениўде нәтийжели усыллардан бири территориялық қатнас билдириў” пикирине салыстырма қатнасыңызды ПСМУарқалы анализ қылың.



## “Түсиниклеранализи” методы

**Методтың мақсети:**бул метод қатнасыўшыларының жаңатема бойыншадәслепкибилимлер дәрежесин диагнозқылыў мақсетинде қолланылады, сондай-ақтемабойынша таяныш түсиниклерди өзлестириў дәрежесин анықлаў, өз билимлерин ғәрезсизтүрде тексериў, баҳалаў мақсетинде қолланылады.

“Түсиниклеранализи” методынәмелгеасырыўтәртиби:

- қатнасыўшыларсабақ қәделерименен таныстырылады;
- оқыўшыларға темага яки бапқа тийислиболған сөзлер, түсиниклераты түсирилген тарқатпалар бериледи (индивидуал тәртипте);
- оқыўшыларбултүсиниклер қандай мәнис аңлатылыўы, қашан, қандай жагдайлардақолланылыўыҳаққындажазбамағлыўмат береди;
- белгиленгенўаыт жуўмағына жеткен соң оқытыўшыберилген түсиниклердиң дурысҳәм толық сыпатламасын оқып еситтиредияки слайд арқалы көрсетеди;
- ҳәр бир қатнасыўшыберилгендурыс жуўаплар мененөзиниңжеке қатнасын салыстырады, парықларын анықлайдыҳәмөз билим дәрежесин тексерип, баҳалайды.

**Үлги:** “Темаға тийислитүсиниклеранализи”

| Түсиник | Шешиўшикүш | Нәтийжеси неде екенлиги көринеди | Қатнасты көрсеткен факторлар |
|---|---|---|---|
| ***ҚыялаўДинтаныў*** | | | |
| ***Хуждан еркинлиги*** | | | |
| ***Дин социологиясы*** | | | |
| ***Тотем*** | | | |

**Түсиндирме:**Бос орыларға қатнасыўшылартәрепинен пикир билдириледи. Бултүсиниклерҳаққындақосымшамағлыўмат глоссарийдекелтирилген.

**Методтыәмелгеасырыўтәртиби:**

- ➢ оқытыўшы сабаққа шекемтеманыңтийкарғы түсиниклеримазмуныашып берилген тарқатпа якипрезентация көринисинде таярлайды;
- ➢ жаңатема мазмунын ашып бериўши текстбилималыўшыларға тарқатыладыякипрезентация көринисиндекөрсетиледи;
- ➢ билим алыўшылар индивидуал тәриздетекстпенен танысыпшығып, өзжеке қарасларын арнаўлы белгилер арқалы көрсетеди. Текстпенен ислеўде

талабалар яки қатнасыўшыларға төмендеги арнаўлы белгилерден пайдаланыўусыныс етиледи:

| Белгилер | 1-текст | 2-текст |
|---|---|---|
| *“V” – таныcмағлыўмат.* | | |
| *“?” – бул мағлыўматты түсинбедим, түсиндирме керек* | | |
| *“+” булмағлыўмат мен ушынжаңалық* | | |
| *“– ” булпикирякибул мағлыўматқа қарсыман* | | |

Белгиленгенўақытжуўмақланғаннан соң, билим алыўшыларушынтаныс емес ҳәм түсиниксизболғанмағлыўматлароқытыўшытәрепинен анализ қылынып, тусиндириледи, олардың мазмуныи толық ашып бериледи. Сораўларға жуўап бериледиҳәмсабақжуўмақланады.

**“Бумеранг” технологиясы**

**Мақсети: о**қыўшыларға тезлик, информациялар системасын анализқылыў, режелестириў, прогноз қылыў көнликпелерин қәлиплестириўден ибарат. Бул методты баҳалаўҳәмбеккемлеў мақсетинде қоллаўунамлы нәтийжелердибереди.

**Әмелгеасырыў басқышлары:**

1. Дәслепқатнасыўшыларға белгиленгентемабойынша таярланған тапсырма, яғный тарқатпа материаллардыҳәр қайсысына айрықша бериледиҳәмолардан материалды 5 минут даўамындаүйрениўталапетиледи.

2. Нәўбеттеги басқышта тренер-оқытыўшытопар ағзаларын оқылған мағлыўмат ҳаққында пикир алмасыў имканиятын береди. Булўазыйпаушын 5 минутўақытбериледи.

3. Нәўбеттегибасқышта тренер-оқытыўшықатнасыўшыларғаүшадамнан ибаратбасқакишитопарларға бирлестиредиҳәмтопар ағзаларыныңҳәр бири оқығанмағлыўмат ҳаққындапикир алмасыў имканиятын береди. Булўазыйпаушын 10минутўақытбериледи.

4. Барлық дәслепқәлиплескен топарларға қатнасыўшылар қайтады, ҳәмпикир алмасылғанмағлыўматбойыншабасқатопарларға бериўушын сораўдүзеди.

5. Ҳәр бир топардан 1 адамсораў береди, ҳәмдурыс жуўапушын 1-3 шекем балл қойылады.

6. Тренер-оқытыўшыбарлық топарлар топлаған балларды улыўмаластырып, жеңимпаз топарды дағазалайды.

7. Қатнасыўшыларға алған баҳаларынақарап,

олардыңтемабойыншаөзлестириў дәрежелери анықланады.

# 1-ТЕМА: ДИНИЙ ДЕРЕКЛЕРДИ ҮЙРЕНИЎ МАШҚАЛАЛАРЫ.

***РЕЖЕ:***

1. **Диний дереклерди анықлаў, таңлаўҳәманализ етиў**
2. **Жазба дереклердисыпатлаў усылыҳәмоларды талабаларға түсиндириў.**
3. **"Муқаддес дерек" түсиниги ҳәм оларға динлердеги қатнасықлар.**

**Таяныш түсиниклер**: Дин, Динтаныў, диний дерек, диндар, теолог, мазҳаб, антропология, феноменология.

## 1. Диний дереклердианықлаў, таңлаўҳәманализетиў

Деректаныўшылықпәнинүйрениўденмақсет талабаларда усыпән пәнтараўыҳаққындағы улыўма түсиникпайда етиўҳәмоларда қызығыўоятыўҳәмӨзбекстан тарийхындереклертийкарындағәрезсизүйрениўге ҳәрекет қылдырыўдан ибарат.

Тарийхый факт ҳәмўақыялар баяныинсан характери, мағлыўмат бериўши шахс, топар, қатлам, династия, мазҳаб ҳәммәмлекетлермәпижолында түрлишеанализ қылыныўымүмкин.

Мәселен, Өзбекстанның жақын тарийхы мәмлекетимиздиң Х1Х әсир әсирекиншиярымыҳәм ХХ әсир басларындағысиясийўақыялартүрлидәўирлерде, дереклердеҳәмтүрлиавторлартәрепинен түрлишеанализ қылынбақта. Булар өздәўириндежаратылғанжазбаестеликлер, тарийхыйҳужжетлерҳәмжылнамаларда қандай баянқылынған? Советдәўиринде қандай түсиндирилген?

Ғәрезсизлик шараятындатарийхыйәдалатты тиклеў, дереклертийкарындақалыс ҳәм объектив болыпөткенўақыяларды билиўимиз мүмкинҳәм керек. Булболсадеректаныўшылықпәнисиз, дереклергеилимийқатнассызмүмкинемес. Себеби, сол дәўирдегижазбаестеликлеркөпшилиги көпшилиги араб алипбеси тийкарындағы жазыўларда, бир бөлими рус тилиндеде питилгенҳәмсолдәўиргетәнтарийхыйөзгешеликлергеийе.

Жуўмақлап айтқанда, деректаныўшылықпәнимәмлекетимизтарийхыҳаққындағықалысҳәм объектив

билим алыўға, өзлигимизди аңлаўға , байҳәмәййемги мәдениятымызды билиўгехызмет қылыўшы тарийх пәнининң әхмийетли тараўларынан бири.

**Аўызеки әдебият** мәденияттың еңәййемгибөлимиболып, оның оның тамыры әййемги общиналық жәмийет ҳәм дәслепки феодализм дүзимине барып тақалады. Аўызекиәдебияттыңайырымүлгилериәййемгигрек тарийхшылары, сондай-ақ, Табарий, Масъудий, Беруний, Фирдаўсий, Ибн ал-Асир сыяқлышығысалымларының шығармаларыарқалы бизге шекем жетипкелген. Каюмарс, Жамшид ҳәм Сиявуш ҳаққындағыәпсаналар, Аморт ҳәм Спаретра, Тўмарис ҳәм Ширақ ҳаққындағы қыссалар солар қатарында.

Урыўшылқ дәўири тарийхын, әсиресе, патриархал – қатнасықларды үйрениўде “Алпамыс”, “Гөрўғлы” сыяқлы дастанлар, сондай-ақ, халық ертеклери, мәресим қосықлары, нақыл мақалларҳәмжумбақлардың роли дежүдә үлкен. Булхалық дурданаларытүрлисоциалқатламғатийисли адамлардың турмысы, мәнаўий көриниси, үрп-әдети, әсиресе, узақ өтмиште ҳүким сүрген жәмийетлик қатнасықларҳаққында қымбатлы мағлыўмат береди. Тарийхыйдереклердиң бул түри менен фольклор (нем. Фольк – халық , лоре – билим; данышпанлық, халық даналығы) пәни шуғылланады.

**Жазбадереклер**тарийхыйдереклердиңәхмийетлиҳәмтийкарғы түри болып есапланылады. Инсанның жәмийетлик хызмети, анығырағыадамлардыңөзарақатнасықларының нәтийжесинде жаратылғанҳәмсол заманларда жүз берген жәмийетлик-сиясийўақыяларды өзиндесәўлелендирген дереksыпатындаортаәсир (У1-Х1Х әсирлер) тарийхын үйрениўде әхмийетлиорынтутады. Жазбадереклерөз нәўбетиндеекитүрге бөлинеди:

1.Жоқарыҳәмжергиликли ҳүкимдарлар мекемесиненшыққан рәсмий ҳужжетлер (жарлықлар, пәрманлар, иноятнамалар, финанс-есап дәптерлери, рәсмийжазыспалар).

Жәмийетлик-сиясий, әсиресе, экономикалыққатнасықларғатийисли мәселелердиүйрениўдерәсмийҳужжетлер, финанс-есап дәптерлери ҳәмжазыспалардың әхмийети үлкен. Рәсмийҳүжжетлерсоциал-сиясийтурмыстыбелгили юридикалық формадатуўрыдан туўрыҳәм көп жағдайлардаесапқа алыныўыменен қымбатлы. Лекин олардың арасында, әсиресе, рәсмийжазыспаларда ҳақыйқый емеслери де ушырасыптурады. Соның ушындаоларданпайдаланылғанда дыққат-итибарҳәм зор ықтыятлылық талапқылынады. Ҳужжетлер үстиндеисалып барғанда, оннанқандай да бир социал-сиясийўақыяякифакттыанализетиўушынпайдаланыў процессинде, биреўи менен шекленбестен, уқсас бир нешеҳүжжет, дереклерди қосыпүйрениў зәрүр, себеби бир ҳүжжеттетек ғана бир келисиўяки факт үстинде гәп болады. Соныңушынтек ғана бир ҳүжжетпененбелгили социал-сиясий мәселеүстинде қатаң пикиржүритип, улыўмаластырып қатаң жуўмаққа келип болмайды.

2.Тарийхый, гео-космографиялыққҳәмде биографиялық шығармалар.

Тарийхый, гео-космографиялық, ҳәмдебиографиялықшығармаларҳаққындағысоны айтыў керек, олар

ҳүкимран класстың тапсырмасымененжазылғанҳәмсолсебеплиоларда көбирек патшаларҳәм ханлардың, әмирлер ҳәм ири руҳанныйлардыңөмириҳәмхызметиашып берилген, материаллықбайлықжаратыўшымийнеткеш халықтың тарийхы болса көпжағдайлардашетлепөтилген.

Булшығармалар, яғныйжазбадереклердеҳүкимран феодал класстың дүньяға көз қарасы өзкөринисин тапқан, солкласстың мақсетҳәммәплери сыпатланғанлығы мененажыралыптурады.

Теориялық деректаныўда еңзәрүртарийхыйдереклердианықлаў, таңлаўҳәмақырындаоныилимийанализқылыў ҳәр қандай үлкен якикишиизертлеўдиң дәслепкибасқышыесапланылады.

Таңланған теманыңилимийҳәмдетеориялықтәрептендурысшешилиўи көп тәрептенҳәр қандай изертлеўдиңтийкары, фундаментин шөлкемлестиретуғын деректиң сыпатҳәм салмағына, яғныйжетилискенлигинеҳәм фактлық материалға байлығына байланыслы.

Деректаныўшылықталапларынан бири сол, қандай да бир теманы изертлеўде бир емес, бәлки бир нешедереклер түрине – рәсмийҳүжжетлер, жылнамалар, гео-космографиялық, агиографиялықҳәмбиографиялықшығармаларғатийкарланып, олардағы мағлыўматлар қыясый салыстырылыпанализетилсеилимийизертлеў дәрежеси асып, жуўмақҳәм улыўмаластырыўларисенимлиҳәмтийкарлыболып, оның илимийәҳмийетидеүлкенболыўы гүмансыз.

Изертлеўушынжазбадереклердиң қайси бири тийкарғыҳәм қайсыларыжәрдемши роль ойнаўытаңланғантеманың характеринебайланыслы. Мәселен, экономикалық-социаллык мәселелердиүйрениўдерәсмийҳүжжетлертийкарғы бирлемши дерек ролин өтейтуғынболса, сиясийҳәмдемәденийтурмыстыашып бериўдежылнамалар – тарийхыйшығармаларҳәмбиографиялықмағлыўматларҳәмдеәдебий-көркемшығармаларжетекшиорында турады. Лекин соған қарамай, илимийизертлеўалып барыўдатек ғана тийкарғыесапланған бирғанабирлемшидерекмененшекленип қалмай, имканы барыншабасқаекинши дәрежели дереклерге мурәжат етиў, олардыда изертлеўге тартыўмақсетке муўапык муўапык.

Деректаныўшы илимпазлардың тәжирийбеси соны көрсетеди, көпшиликтарийхыйшығармаларсоциал-экономикалықмәселелерҳәмдемәденийтурмысқа тийислибаҳалымағлыўматларға байболады. Рәсмий ҳүжжетлердеҳәмбиографиялықшығармаларда болсасиясий тарийхқа тийислибаҳалы фактлерди, тарийхыйшығармадажоқмағлыўматларды ушыратыўмүмкин.

Деректаныўшылықтағыилимий ислерде көпҳәмтүрли типтегидереклергетийкарланып, изертленип атрыған темағатийислибарлық дереклерди иске қосыў болажақилимийшығарманың баҳалылығын ҳәмәҳмийетин белгилеўшитийкарғыҳәмшешиўши факторлардан бири.

## 2.Жазбадереклердисыпатлаўусылыҳәмолардыталабаларға түсиндириў.

Тарийхтыүйрениуҳәмүйретиў дегенде, тек ғана жазбадереклердебармағлыўматларҳаққындағы билим ҳәм түсиниклерди соншелли механикалық тәризде талаба ҳәм бакалаврларынажеткизиўемес, бәлкитрадициялықҳәмҳәзирги заман педагогикалық усыллардыңең қолай ҳәмнәтийжели қураллардан пайдаланған жағдайда, олардадереклерҳаққындағытүсиник, билим ҳәмоларданпайдаланыўқәнигелигин пайдақылыў мененбирге, тарийхымызҳаққындағы ғәрезсизпикиржүритиўге үйретиўди де түсинемиз.

Жазбадереклердиталабаларға түсиндириўдиң бир неше принципи бар. Бириншиси арнаўлы каталоглардағыдеректиң сыпатланыў принципи.

XIX әсирақырындапайдаболған Европа мәмлекетлериндеги каталоглар ишиндеангличаналымы Ч.Рьёниңкөп томлық араб, парсыҳәм туркий тиллердеги каталогларындағыжазбадеректисыпатлаў принципи өзиниңжетискенлигиҳәм пухта ойланғанлығыменен айрықшаажыралыптурады. Төменде тил принципи тийкарында Ч.Рьёниң «Британия музейиндеги туркий колжазбалар» (Лондон, 1888, англичан тилинде) (**ÑatalogucoftheTurkishManuscriptsintheBritishMuseumbyRieuCharles.- London: 1888. 432 p.).**каталогындағыдерексыпатламасы принципин келтиремиз. Ондажазбадректиң музейдеги тәртипсаныбириншиорнындаберилип, соңқолжазбаның кодикологиялық өзгешеликлери, бетлер саны, өлшеми, беттеги қатарлар саны, қатар узынлығы, хаты, зийнетлери айрықша, ықшам тәриздеберилген. Соң шығармаатамасы ҳақыйқый нусқада, яғный араб әлипбесиндеҳәмоның аўдармасы ажыратылыпберилген. Соңавтрдың атыҳәмшығарманың басланыўыҳәмақырындағы қатарлар, араб әлипбесиндекелтирилген. Мине соннан кейин авторҳаққындағыҳәмшығармақурамы, мазмуныбаянетилип, сыатлама ақырындашығарма тарийхтаныўшылығыяғныйүйренилиўи ҳаққындағымағлыўматларберилген.

Бир қатарбар каталоглар тийкарындаӨзбекстанРеспубликасыИлимлер Академиясының Абу Райхан Беруний атындағы Шығыстаныўинститутыалымлары даөзлери қолжазбадереклердиилимийсыпатламаға алыўусылынислепшыққанр ҳәмбулилимийусыл Д.Ю.Юсупова ҳәм Р.П.Жалиловалар тәрепинен ислеп шығылған «Собрание восточнх рукописей АН РУз. История» («Тарийх») атлы каталогында пайдаланылған. Усы «Тарийх» каталогында деректиңтөмендегише сыпатламасы берилген: Биринши бетсыпатындашығармаатамасы ҳақыйқый нусқада ҳәмоның аўдармасы, қолжазбаның қазыйнедеги тәртипсаныҳәмусы каталогдағысаны келтирилген. Соңшығармаавторыатыменентийкарғысыпатлама басланады. Оннан кейин авторҳаққындағы (имканият дәрежесинде толық), шығарма мазмунының қурамыҳәм қысқаша баяны (аннотациясы) келтириледи. Сыпатлама ықшам кодикологиялықмағлыўматлар-хаты, қағазы, зийнети, хаттот аты, қолжазбаның китоплық тарийхы, нуқсаны, бетлер саны,

өлшемихәмәдебиятлар (библиография) атамаларын келтириўменен тамамланады.

Булардан тысқарыжазбадереклердисыпатлаўдың энциклопедиялық принципи де бар. Биз оның үлгисин «Өзбекстан энциклопедиясы» хәм «Өзбекстан миллий энциклопедиясы» бетлеринде көриўимиз мүмкин.

Деректаныўшылықпәни киритилгенде, дәслепкирет сабақберген проф. Ҳ.Н.Бобобеков өзлекцияларында энциклопедиялық принципиненҳәмэнциклопедиялардағыжазбадереклерҳаққындағы мағлыўматлардан пайдаланған.

Б.А.Ахмедов жазбадереклердиекитүргебөледи: 1) Жоқарыҳәмжергиликли хүкимдарлар мекемесинен шыққанрәсмийҳужжетлер (жарлықлар, пәрманлар, инаятнамалар ҳәмбасқалар). Усышығармаларжазбадереклерайрықшаемес, бәлкиавтораты мененкелтирилген. Бундан тысқары тарийхшыи хәр бир тарийхыйдәуирге қысқа сыпатлама берген. Бул оқыўлықлардың унамлы өзгешелигисыпатындаоларда дәлил мағлыўматлардыңкөплилиги, илимийлигин атапетиўмүмкин. Тек ғана оларда материаллар академиялық баспаларсыяқлы жайластырылған ҳәмсабақөтиўөзгешеликлериинабатқаалынбаған.

А.Ҳабибуллаевтың «Әдебийдеректаныўшылықҳәмтекст таныўшылық» (Т.: ТДШИ. 2000) қолланбасыҳәм А.А.Мадраимов дүзген «Манбашуносликдан лекциялар мажмуаси» (Т.: ТДПУ 2001)да жазбадереклерҳаққындағыталабаларғамағлыўматларбериўсабақпроцесси өзгешеликлерин итибарғаалыўға ҳәрекетқылынған. Тек ғана А.Ҳабибуллаев қолланбасында әдебийдеректаныўшылыққа үлкенитибарберилген. Ондасабақтөмендеги тәртиптедүзилген:1. Тема атамасы. 2. Әдебиятлар. 3. Сабақ мазмунының қысқа түсиндирмеси. Соңсабақмазмуны баяны, айрықша атамалар ҳәмақырындасораўларберилген.

А.А.Мадраимов дүзгенлекциялартекстиндесабақпроцессиниңтәртибитөмендегише. 1. Темаатамасы 2. Сабақ режеси. 3. Тийкарғытүсиниклер. 4. Сабақтың толық мазмуны. 5. Материалды беккемлеў ушынсораўларҳәмақырындаәдебиятлар дизимикелтирилген.

Усыарнаўлы каталоглар ҳәмсабақлықлардантысқарықолжазба китапҳаққындағыҳәмшығысдеректаныўшылығынатийисли топлам ҳәм китаплар да барболып, олардағыәҳмийетлижазбадереклердиңҳәр бирине айрықша итибарберилмеген. Лекин олардаеңәҳмийетлилери ҳаққындағытекстлер арасындамағлыўматлар келтириледи ҳәмдедереклердиң улыўмаөзгешеликлерикөрсетилген. Булоқыўлықҳәм қолланба, арнаўлыәдебиятлардың барлығындаөзинетәнпайдалымағлыўматларбар екенлигин тән аламыз. Лекин олардың бирде биреўин илимий-методик тәрептенталабаларғадереклерҳаққындағысабақбериўушынжетик үлги депалыў мүмкинемес.

Талабаларғадерекҳаққындағы комплекс тәриздемағлыўмат бериўкерек. Булболсажазбадеректиң кодикологиялықмағлыўматлар, авторҳәмоның

жасағандәуири, шығармақурамыҳәммазмуны анализи, оның тарийх таныўшылықты түсиндириўден ибарат. Сабақтыңөзинетәнөзгешеликлерисыпатындаоның режеси, темағатийислитийкарғытүсиниклерҳәм қосымша көргизбели қураллардан пайдаланыўды атап өтиўмүмкин.

Жазбадереклерҳаққындағымағлыўматлардытөмендеги тәртипте түсиндириўдиңең мақулҳәмнәтийжелиилимий методологиялықусыл депесаплаймыз.

**Кодикологиялықмағлыўмат**якианализ дегендежазбадерек, оның авторларының атларыҳәмбаҳалы қолжазбаларҳаққындағымағлыўматлардыбаянетиў түсиниледи. Бундай мағлыўматлар 5 тен 9 ға шекемболыўымүмкин. (Бундан артықша мағлыўмат талабаның итибарын пәсейтиўи мүмкин). Булар кодикологиялықякиқолжазбаҳаққындағымағлыўматларесапланылады. Кодикология сөзи латынша ñodex-кодекстеналынғанболыпқолжазба китаптыңөзинетәнөзгешеликлерин аңлатады.

Кодикологиялықмағлыўматларшығармаатамасынантысқарыжәнетөменд егилерден ибарат:

1. Автордың аты (Өмир жыллары);
2. Шығарманың жаратылған ўақты;
3. Қолжазбаның тәртипномериҳәм сақланып атырған орны;
4. Еңәййемгиқолжазбаныңжаратылғанўақтыҳәморны;
5. Қолжазбаның бетлер саныҳәмөлшеми.

Олардың айырымларын Б.А.Аҳмедов деректиңсырткы белгилери-қолжазбасырты, қағазыҳәм хатынан тысқарышығарманың жазылған ўақты, орны, авторы, жазылыў себеплери, шығармажазылғанўақтындағысоциал-сиясийжағдай, деп түсиндиреди[1].

Булар қолжазбашығармаҳаққындағыеңықшамкодикологиялықмағлыўматесапланыл ады.

Педагог үйренилип атырған деректиңилимийәҳмийетиненкелипшығып, жәнетөмендеги қосымшамағлыўматларменен толықтырыўмүмкинҳәмолардықолжазбашығармаҳаққындағыанықмағлыўмат лардеп атаўымызмүмкин. Олартөмендегилер:

1. Ҳаттаттың атыҳәм хат түри;
2. Қолжазбаның көширилген орны;
3. Палеографиялық өзгешеликлери (сиясы, қағазыҳәмқолжазбаныңөзинетәнөзгешеликлери);
4. Қолжазбарезюмеси-калофон.

Педагог-қәнигеөз билим дәрежесине болаҳәмықтыяры мененбулмағлыўматлардың барлығынякиолардан айырымларын таңлапталабаларға түсиндириўимүмкин. Соңғыизертлеўлерсоны көрсетеди, бир дерек, қолжазба китап, битик ҳаққындағы 60 тан зыят техникалық,

---

[1]Б.А.Ахмедов «Ўзбекистонтарихиманбалари».-Т.: Ўқитувчи, 2001. 17-бет.

кодикологиялықмағлыўматбар.Әлбетте булардыңкөпшилигитек ғана сапилимий академиялықизертлеўлерде пайдаланылады.

Жоқарыбилимлендириўсистемасыныңбиринширбасқышыушыншығармахаққындағы 9 еслетилгенкодикологиялықмағлыўматлардыжетерли депойлаймыз.

Қолжазбадағышығармаавторыхәмоның жасағандәўириҳаққында ықшаммағлыўмат келтирилиўи зәрүр. Әдеттешығыс тарийхшыларыатларыықшам тәриздехәм толық келтирилиўи, имкан дәрежесиндеатлар оригиналда яғный араб әлипбесинде берилиўи керек. Автордың туўылған жылыхәмөлген жылы, жаратқан тийкарғышығармалары, олардыңқысқашамазмуны келтирилиўи мақсетке муўапық. Сондай-ақ , авторжасағандәўир, жәмийетҳаққында талабаларғатүсиникбериўзәрүр.

Талабаларғадеректиңкодикологиялықөзгешеликлеринентысқарыжазбадереклердеги шығарманыңқурамыхәмулыўмамазмунында түсиндириўлазым. Буларды Б.А.Ахмедов деректиңишки белгилери деп атаған[2]. Шығармамазмуныхәмоның қурамын түсиндириўде педагоглар талабаларғатөмендегиилимиймағлыўматларды бериўи зәрүрдепесаплайман.

1. Шығарманыңулыўма характери;
2. Шығарманыңқурамының анализи;
3. Шығарманыңмазмунынанализқылыў, идеялық-сиясийдәрежесихәмилимийбаҳалылығынанықлаў мәселелери нәзердетутады;
4. Шығарманыңөзинетәнөзгешеликлери;
5. Шығарманыңөзтараўына қосқан жаңалығыхәмоның илимийәҳмийетинанықлаў.

**Деректегишығарманыңулыўма характери** дегенде, шығарма мазмуныныңулыўма тарийхқа, мәселен, «Тарийхы Табарий», «Равзат ус-сафо», «Жоми ут-таворих» сыяқлышығармаларғатәнөзгешеликлерди анықлаўнәзерде тутылады. Якидинастиялар тарийхы-«Тарийхы Байҳақий», «Тарийхы салотини манғития» сыяқлышығармаларғатәнөзгешеликлердианықлаў түсиниледи.

Булардан тысқарыжәнееслеў характериндеги дереклер-«Темур тузуклари», «Бобурнома», «Тарийхы Рашидий» сыяқлышығармаларөзгешеликлериде бар.

Сап тарийхыйшығармалардан тысқарыдерексыпатындажәнешайырлар, жазыўшыларҳәмсуфизм ўәкиллериҳаққындағытопламларда үлкенилимийтарийхыйәҳмийеткеийе.

Дин ўәкиллериҳаққындағы автобиографиялық характердеги шығармалардаәҳмийетлитарийхыйдерекболыпхызмет қылыўымүмкин. Булардан тысқарыжазбаестеликлерден, әсиресе, хатларҳәмхужжетлерүлгилеринен деректаныўшылықсабақларында ҳәмсол тараўға тийислиарнаўлыизертлеўлердепайдаланыўмүмкин[3].

---

[2]Солжерде.
[3]Солшығарма, 68, 263 бетлер.

Бул жердекелтирилгеншығарма характери ҳаққындағымағлыўматлар бакалаврлар ушынжеткиликли депесаплайман. Жазбадерекҳәмондағышығармаҳаққындағыбасқапикирлерарнаўлыилимийизертлеўлердеқолланылады.

Әдетке бола, тарийхыйшығармалар «БисмиллоҲи Раҳмону Раҳим» сөзинен кейин ҳамд, таҳмид – Аллоҳга ҳамду сано мененбасланады. Соң наът - Муҳаммад Пайғамбардыңсыпатламасы, мақтаўы битиледи. Және төрт саҳабалар – Халифаи Рошидин яғныйдурысжолдан жүрген халифалар - Абубакр Сиддиқ, Умар, Усман ҳәм Алилардың мадҳыорыналады. Соннан кейин тарийхшыөзшығармасына қәўендерлик қылған шахсты улығлайды. Айрықша ибара «Аммо баъд» сөзинен соңавторөзи ҳәмжазбақшыболғаншығармасыҳаққындағыықшаммағлыўматякисол ҳаққында айырымпикирлерин береди. Буныавторлар муқаддима яки дебоча деп атайды. Мине соннан соңшығарманыңтийкарғымазмуныбаянетиледи. Тарийхыйшығармалартийкарынан екиусылдаўақыяларбаянетиледи.

а) Хронологиялық тәртиптеяғныйжылма-жыл. Бул тәртипте «Тарийхы Табарий», «Мужмали Фасихий», «Матлаъ ас-саъдайн» ҳәм «Бобурнома» сыяқлышығармаларжаратылған.

б) Тарийхыйшығармалардағы еңәҳмийетлиўақыялар айрықша бетлерде баянетиледи.

Бундан тысқарытүрлитерриторияларда жүзбергенўақыялар айрықша баянетилиўимүмкин. Жәнеайырымтарийхыйшығармаларжоқарыдағы усуллар аралас жағдайда дакелиўимүмкин.

Ҳәр бир шығарманыңмазмуныавтордыңөзалдынақойғанмақсетҳәмўазыйпаларынанкелипшығыпашып берилгенболады. Деректегишығарманыңмазмунынашып бериў жүдәәҳмийетлиҳәмжуўапкерлиисболып, китапменентолық таныеыпшығыўды билдиреди. Педагог-қәниге жазбадереклердегишығарманыңбаймазмунынталабаларғаықшамҳәмқысқа тәризде баянетиўизәрүр. Бунда жазбадереклерҳаққындағыбар сыпатлама-каталоглар ҳәмде энциклопедиялық мағлыўматларданпайдаланыўы мүмкин. Улыўматарийхқа тийислишығармалардың көпшилигинде ўақыялар баяныөзөзгешеликлерине болаекитүрлиболыўымүмкин:

а) Басқа тарийхшылар тәрепинен баянетилгенўақыялармазмунынавторықшамжағдайдаякианық келтириледи. Шығарманыңбулбөлимин компиляция яғныйөзлестирмедеп аталады. Компиляция сөзи англичанша ñompile-дузиў мәнисинаңлатады.

б) Автордың шахсан өзимағлыўматжыйнап ўақыялардыбаянеткенбөлими оригинал, жаңабөлимидепаталады

Жазбадереклерҳаққындағыталабаларғамағлыўматбериўдеолардыңҳәр бириниңөзинетәнөзгешеликлерин ажыратып көрсетиўжүдәәҳмийетли. Себебиҳәр бир дерек, шығармаәлбеттебасқаларданқатарөзгешеликлеременен, қайсыўақыяларды баяныбарлығыменен, қай тәриздебаянетилиўименен, қандай мәплерди

көрсеткени мененөзарапарықланыптурады. Шығарманыңөзинетәнөзгешеликлерин анықлаўда оның қандай тарийхыйшығармаларғауқсаслығы, олардан парқы, ҳәмде қандай дереклерденпайдаланыпжаратылғанлығына айрықшаитибарбериўзәрүр.

Жазбадеректегишығарма мазмунының анализи, оның тарийх пәнираўажланыўына қосқан жаңалығы, үлеси менен белгилеўмененжуўмақланады. Яғный қайсыўақыяларбиринширет ашып берилген, дәслепки ашып берилген ўақыялар баяны қай тәриздеанализетилген. Шығармадабаянетилгенўақыяларжуртымыз раўажланыўына қай тәризде тәсир еткен. Мине усымәселелершығарманыңжуртымыз тарийхынүйрениўдеги илимийәҳмийетинашып бериўгехызметқылады.

Деректиңүйренилиўи, оның тарийхтаныўшылығыарнаўлы қосымша тарийхтаныўшылық пәнинде қай дәрежеде ашып берилгенлигин анықлаўдаәҳмийеткеийе. Себеби болажақ педагоглар усыдереклерүстиндеғәрезсизизертлеўалып барыўларыушынилимийтийкаржаратылады. Деректиңүйренилиў тарийхыарнаўлы тарийхтаныўшылық жәрдемши пәнинде изертленседе, деректаныўдадаол ҳаққындаықшаммағлыўматбериўзәрүр.

Бунда тийкарынан деректиң қолжазбалары қай дәрежедеүйренилгени, шығарманыңҳақыйқый тексти, ҳәзирги заман баспа усылында-факсимиле, литографиялықҳәм терметәриздебасып шығарылғанба, баспаяғныйбаспаға таярлаўшы аты, баспаға жазылған сөз басы, қосымша қылынғансыпатламаларҳәм көрсеткишлер барлығын атап өтиўмақсетке муўапық.

Деректиңүйренилиўи, тарийхтаныўшылық шығармаларының ақырындамағлыўматлар қандай арнаўлыизертлеўлерде, оқыўлықҳәм қолланбаларда ашып берилгенлиги баянетиледи.

Бир академиялық саат даўамындаталабаларғажазбадереклерҳаққындағыжоқарыдағы мағлыўматлардыбериўжеткиликли. Себеби, булмағлыўматларға қосымшатәриздесабақ режеси, кеминде 10 тийкарғытүсиниклер, ең көби менен 15 атамалар, дерекбойыншапайдаланылғантийкарғы (5) ҳәм қосымша (10) арнаўлыәдебиятлар дизими талабаларғаусынысетиледи. Жәнесабақпроцессинде көргизбели қурал сыпатындашығарма қолжазбасы, баспаларыҳәмбасқа материаллардан, ҳәзирги заман техникалық қуралларынан пайдаланыўмақсетке муўапық.

Сабақақырында өтилген сабақты беккемлеў ушынсораўларусыныс етилиўикерек.

### 3 “Муқаддесдерек” түсинигиҳәмоған динлердеги қатнасықлар.

Диний текстлер (дереклер, муқаддесжазыў, муқаддескитап) – бул, түрли динлердемуқаддессыпатында қаралыўшыҳәмолардың диний традицияларында орайлықорынийелеўши текстлер болып есапланылады. Көплеген дин, диний-философиялық тәлиймат ҳәм ҳәрекетлер

өзмуқаддесдереклерин илаҳий китапекенлигине исеним қылады. Диний текстлердисыпатлаўда тек ғана жазбатекстлер, аўызекиәдетлер нәзерде тутылмайды. Әдетте диний текстлер ғайрытәбийғый ўақыя ҳәдийсеҳәм хабарлардыөзиндекөрсетеди. Диний текстлерде диний билимлерди әўладдан-әўладқа өтиўинде избе изликболыўыжүдәәҳмийетли.

**Өзгешелиги.** Тарийхый, мифологиялықякибасқа бир көринистеги диний текст болама, әлбетте, ол дүньяның жаралыўы, оның диний дүзилиси, дәслепкиинсанның жаратылыўыҳәмөтмиш ата бабаларымыз өмири ҳаққындамағлыўматбереди. Диний текстлерде муқаддес диний үрп-әдет ҳәм мәресимлер, минез қулық нормаларыҳәмжәмийетлик қатнасықларды тәртипке салып турыўшы қәделер баяныүлкенорынийелейди. Базы диний текстлерҳәммеге түсиникли, базыларыболсатек ғана белгили бир динниң билимданыжәрдеминде түсиниў мүмкин. Көпшилик динлер өзлериниң диний текстлерүйрениўҳәмтүрлитүрлиөзгерислер киргизиўдишеклеў мақсетиндеарнаўлынызам қәделер системасын ислепшыққан.

**Диний текстлертарийхы.** ӘййемгиМыср пирамидаларындағы битиклер эрамыздан алдыңғы 3-мың жыллыққа (э.а. 2400-2300) тийислилигине бола әййемги диний текстлерден бири саналады. Финикия әлипбесиниңдәслепки көриниси эрамыздан алдыңғы биринши мың жыллыққа тийисли Әййемги Бабил ҳүкимдары Аҳирам саркофагы (әййемги тас табыт) тағы битик есапланылады. Сондай-ақ, әййемги Шумер мәдениятына тийисли Гилгамеш дастаны(жүзеге келиўтарийхыэрамыздан алдыңғы 2-мыңжыллық басларынадурыс келеди) түрли мифологиялық образларды қамтып алғаны тәрептен дәслепкиәдебийшығармалардан бири. Бундан тысқары, ҳиндуйликтиңтийкарғыдереги ведалардың қурам бөлимлериниңбири Ригведа эрамыздан алдыңғы 1700-1100 жыллараралығында жаратылған, қалаберсе, ҳәзирге шекем әййемги диний дерексыпатында баҳаланады. Соныңмененбирге, Авесто гатларының жаратылыўы бойыншаилимий жәмийетшилик арасында түрли қарама-қарсыпикирлер (шама менен эрамыздан алдыңғы 1-мың жыллықтыңбиринши ярымы) барболса-да, қәнигелер Авестоныңеңәййемгибөлимлерижазбаформаға келтирилместен алдыңғы аўызекижағдайда жәнедеәййемгирек тарийхқа ийеекенлигинеисеним билдиреди. Сондай-ақ, көпшиликалымлар Тавроттыңжазбажағдайда қәлиплесиўи де бир нешеәсирлерди қамтып алғанлығын атап өтеди. XIX әсирақырларында “Мусаның бес китабы” төрт ҳақыйқый ғәрезсиздереклерди жәмлеўарқалы эрамыздан алдыңғы 450 жылда жаратылған, деген пикирди алдыңғы сүриўши дәлилгеийе гипотезалар негизиндеулыўма қарас бар еди (Яҳве –эр.ал. 900 жж.; Элоҳим – эр.ал. 800 жж.; Екиншинызам жазыўшылары – эр.ал. 600 жж.; Руҳаныйларға (Priestly) тийислидереклер – эр.ал. 500 жж.).

**Қараслар.** Муқаддес текстлерге қатнас түрлише. Базы динлер муқаддес текстлерди кеңҳәмеркин түрде әшкара қылады. Базылары муқаддес сырлар исенимлиҳәм тәсирли тәризде сақланып қалыўыушынолардымассаданжасырыўға урынады. Көп динлер муқаддес

текстлериниң муғдарын анықлаў, түрлиөзгерислерҳәм қосымшалар киритилиўи сыяқлыжағдайлардың алдын алыўға тийкарғыитибар қаратады. Базы динлер болсаөз муқаддес текстлерине салыстырма “қуданыңкаламы” сыпатындақатнас қылса да, бирақ оларқудай тәрепинен ваҳый қылынғанлығы себепли өзгертип болмайтуғын өзгешеликке ийелиги ҳаққындағы қарама-қарсыпикирлер билдириледи. Текстлердиаўдарма қылыўдарәсмийрухсат алынады, бирақ ҳақыйқый муқаддес тилдиң қатаң өзгермесекенлигинеитибарқаратылады. Базыдинлердемуқаддестекстлерден нусқа көшириўбийпул ҳәмымтыязлыформадаәмелгеасырылады, базыларында болсабул бойынша төлемҳәмавторлық ҳуқықына қатаңбойсыныўдыталапқылынады. Муқаддес текстлерге қойылған түрли белгилер ҳам олардыңарасындағыбелгили бир парықларды көрсетиўши өзгешелик болып саналады. Мәселен, базымуқаддестекстлердемағлыўматларды бир-биринен ажыратыўшы бетлериниң санболса (сикхизм), базыларында болсаберилгенмағлыўматлардыбелгили атамаҳәмсанлар (Иброҳимий динлер – сура, оят) билдиреди[4].

## Қадағалаў сораўлар:

1. Динтаныўпәнининңмақсетҳәмўазыйпаларынелерденибарат?
2. Динтаныўсабақларын оқытыўдыңөзинетәнөзгешеликлеринелердекөринеди?
3. “Динлерди үйрениўдетерриториялық қатнас” дегенденени түсинесиз?
4. Динлердиң қандай сыпатламаларынбилесиз?
5. Динлерди территориялық кесимдеүйрениўди усыныс еткеналымлардан кимлерди билесизҳәмолардың қандай шығармалары бар?

## Әдебиятлар дизими:


1. Тайлор Э. Первобытная культура. М., 1989.
2. Религиозные традиции мира. Буддизм, иудаизм, христианство, ислам. Справочник школьника. Бишкек, 1997.
3. Радугин А.А. Введение в религиоведение: теория, история и современные религии. М., 1996; 2-е издание, исправленное и дополненное. М., 1999.
4. Основы религиоведения. Под редакцией И.Н.Яблокова. М., 1994. Издание второе, переработанное и дополненное. М., 1998.
5. Лекции по истории религии. Учебное пособие. Санкт-Петербург, 1997.
6. Лекции по религиоведению. Под редакцией профессора И.Н.Яблокова. М., 1998.
7. Диний экстремизм ва терроризмга қарши курашнинг маънавий-маърифий асослари. – Т.: Ислом университети, 2005.


[4] Hillary Rodrigues, John S. Harding .Introduction to the study of religion. – USA, Routledge, 2009. – P. 101.

8. Маънавият асосий тушунчалар изоҳли луғати. –Т.:Ғафур Ғулом номидаги нашриёт-матбаа ижодий уйи, 2009.
9. Миллий истиқлол ғояси: асосий тушунча ва тамойиллар. –Т.: Ўзбекистон, 2000.
10. Ўзбекистон Республикасининг «Виждон эркинлиги ва диний ташкилотлар тўғрисида»ги қонуннинг янги таҳрири. Т.: Адолат, 1998.
11. Беруний Абу Райҳон. Танланган асарлари: Т.1. (Қадимги халқлардан қолган ёдгорликлар) Т.: Фан, 1968.
12. Йўлдошхўжаев Ҳ., Раҳимжонов Д., Комилов М. Диншунослик: маърузалар матни. Т.: 2000й.
13. Қуръони карим.-Т.: «Чўлпон», 1993 йил.
14. Ҳусниддинов З.М. «Ислом: йўналишлар, оқимлар, мазҳаблар». «Ўзбекистон миллий энциклопедияси» давлат илмий нашриёти. Тошкент, 2000 йил.
15. Ҳасанов А.А. «Қадимги Арабистон ва илк ислом, жоҳилия асри». «Тошкент ислом университети», 2001 йил.
16. «Ислом зиёси ўзбегим сиймосида». «Тошкент ислом университети» нашриёти, 2001й.
17. «Шарқ» нашриёт – матбаа концернининг бош таҳририяти. Т.: 1998 й.
18. Шайх Муҳаммад Хузарий. «Нурул яқин ва итмомул вафоъ». Мовароуннахр нашриёти, 1992 йил.
19. Исҳоқов М.М. Халқ даҳосининг қадимги илдизлари ва илк куртаклари (Зардуштийлик, Зардушт ва Авесто ҳақида) // «Тил ва адабиёт таълими» журнали, № 2 (1992), Б. 3-12.

## 2-ТЕМА:ЯҲУДИЙЛИК ҲӘМ ХРИСТИАНЛЫҚ ДИНИЙ ДЕРЕКЛЕРИ

***РЕЖЕ:***

1. **Яҳудийлик ҳәм христианлық диний дереклери.**
2. **Таўрат қурамына кирген китаплар**
3. **Жаңа Ўәсият**

**Таяныш түсиниклер**: яхудийлик, Таўрат, жаңаўәсият, адён, умам, радд, христианлық.

## 1.Яхудийлик ҳәмхристианлық диний дереклери.

Яхудийлик диний дереклериниңтийкарғыбөлимиТанахқурамына киреди. Танах яхудийлик муқаддесжазыўларын ибранийше (әййемги яхудий тили) аталыўы мененқабылқылынған. Булхристианлықмуқаддесдереклериқурамынакирген“Әййемгиўәсият” бөлиминетуўракеледи. Танахсөзи яхудийлик муқаддес жазыўларының үштийкарғыбөлими – Таўрат (Мусаныңбеш китабы), Невиим (пайғамбарлар) ҳәм Кетувиим (жазыўлар) сөзлериниңбас ҳәриплериненкелипшыққан. “Танах” атамасыдәслеп яхудийлик илаҳиятыныңорташығармаларғатийислишығармаларындақолланылған.

Танахәлем ҳәмадамныңжаратылыўы, илаҳийўәсиятҳәм амрлар ҳәмде яхудий халқыжүзеге келиўинен Екинши ибадатхана (Второго Храма) дәўири басына шекемболған тарийхтысүўретлейди. Яхудийликке бола, яхудий халқы инсанлардың сайландысы болғанлары себебиненбулкитаплармуқаддесесапланыладыҳәмдеТанах яхудийлик дини мазмунын ашып бериўи менен бир қатардахристианлықҳәмисламдинининиңкәлиплесиўиндетийкарболыпхызметкылған. Танах 24 китаптыөзишинеалады. Китапларқурамы “ӘййемгиЎәсият”тың протестантлықағымынатийисли вариантынасайкелип, тек ғана китплардың жайласыўында парық гүзетиледи. Лекин олбасқалардангөрежақсырақтәртиптеекенлигин Бабил Талмудынакелгенмағлыўматлартастыйықлайды. “ӘййемгиЎәсият”тың католик ҳәм православия ағымларынатийисли вариантында болса Септуагинта[5] китабының да қосымша рәўиштеТанахқурамына киргенин көриўмүмкин.

Яхудийлик муқаддесдереклерижазылыў жанрыҳәмўақтына қарапүшбөлимгебөлинеди:

1. ТаўратякиНызам (Мусаның бес китабы).
2. Невиим (пайғамбарлар). Олөзишине пайғамбарлар өмиринен тысқарыбүгинги күндетарийхыйжылнамадепжүритилетуғын бир неше китапларды қамтыпалады. Өз нәўбетинде “Невиим” китабы даекибөлимге ажыралады:

- Дәслепки пайғамбарлар китаплары: Иисус Навин, “хүкимлер”, Самуилдиңеки китабыҳәмеки “Патшалық” китабы;
- Кейинги пайғамбарлар китаплары: Оларүшүлкен пайғамбар – Исаия, Иерамия, Иезекиил ҳәм 12 киши пайғамбарлар китапларынанибарат.

---

[5]Септуагинта – “Қадимги Ахд”ның қурамына кирген китаплардың бири. Бул китап эрамыздын басында яхудийлық динине исеним қылыўшы Александр тәрепинен киритилген болып, сол себепли де базы дереклерде Септуагинта Александр кананы (нызамы) атамасы менен аталады. Септуагинта текстлериниң жайласыўы ҳәм бөлимлерниңқурамына бола Танахтан жетерлишепарық қылады. Бул парықты Танахтан парықлы түрде Септуагинтада биринши Кетувим, соң Невиим (пайғамбарлар китабы) келиўинде көриў мүмкин. Соған уқсас бир нешеөзгерислер себебинен бүгинги күнде бул китап яхудийлер тәрепинен қабыл қылынбайды, тек ғана христианлыққа тийислижылнама шығармалардаоның аты сақланып қалған.

“Кетувим” бөлими “Забур”, “Қыссалар”, Иов китабы, Саламонның “Қосықлар қосықлары”, Руф китабы, “Иерамия жоқлаўы” ҳәмжылнамалар китабын өзишинеалады.

**2.Таўрат қурамынакиргенкитаплар.**“ӘййемгиЎәсият” тыңишиндеги диний тәлийматҳәмдогмаға (ақида) бағышланған еңтийкарғыҳәмабыройлыбөлимиТаўратболып, олхристианлықәдетине бола “Бескитап”, яҳудийлик әдетине бола “Тора” (тәлиймат) есапланылады. Олөзишине “Қәдимги”, “Шығыў”, “Левит”, “Санлар” ҳәм “Екиншинызам” китабын қамтыпалады.

**“Қәдимги”**эрамызданалдыңғы 1400 жыллардаҚудайдың буйрығынаболаМуса пайғамбар тәрепинен жазыпалынған. ОндаҚудайәлемди қай түрде жаратқаны, адамзаттың гүнаға батқаны, бунының нәтийжесиндеәлемгеазапҳәмөлимкелиўиҳаққында хабар бериледи. Сондай-ақ, ондадүньядағыхалықлардыңжүзегекелиўиҳәмдүньяғатарқалыўытарийхыбаян қылынған. Адам АтаҳәмҲаўа Ана, Ҳобил ҳәм Қабыл, Нуҳ, Ибраҳим, Лут, Исҳақ, Исмоил, Яқып, Юсуп, фараонҳәмбасқа шахслар, Тўфон, Бабил минарасыҳәм тиллер шатысыўы, Садам ҳәм Ғамораныңжоқболыўы сыяқлыеңәййемги ҳәдийселер де “Қәдимги”ден орыналған.

**“Шығыў”**китабында Муса пайғамбардың туўылыўы, өмири, Мысрфараонытәрепинен қатты зулымға тартылған яҳудийлерди Яҳве ҳәмири мененазат қылғаны, оған Тур таўында Яҳве тәрепинен она “ҳәмир”диңберилиўиҳаққындағыраўаятларкеледи. Буннан тысқары, бул китапта яҳудийликтиң ибадатлары, ырым дәстүрлерине тийисли көрсетпелерберилген. Улыўмаалғанда, “Шығыў” китабын үшбөлимге бөлиўмүмкин. Биринши бөлимдегикөпшиликўақыялар (1-13 баплар) Мыср журтындажүзбереди. Булбөлимде Бани Израилхалқыбулжерде фараонға қул болыпхызметқылыўыҳәмолардыҚудай Яҳведен бул қыйыншылықлардан азатетиўуушынжәрдем сораўлары, сол тийкардаМуса (а.с.) пайғамбар сыпатындаҚудай Яҳве тәрепинен таңланыўы, Муса пайғамбар ҳаслы Израил халқынан болып, Мыср маликаси оныбала қылып асырапалғаны, Муса пайғамбар фараоннан Израил халқын азат қыл, депталап қылғанда, фараонтәрепинен бир нешерет қарсы жуўабыныңберилиўи, бунының нәтийжесиндеҚудай Яхве Мысрға онапатжибергениҳаққындабаянқылынады. Булапатлар “Шығыў” китабында көбинесе “он ўлат(чума)”, депаталады. Жоқарыдағыўақыяларнәтийжесиндеболса Бани Израил халқынМысржериненшығып кетиўи менен жуўмақ табады.

Китаптыңекиншибөлиминде (14-18 баплар) Израил халқы “муқаддес таў” – Синайға жолалғанларында басларынан кеширгенўақыяларбаянқылынады. Булбөлимде, Мыср фараоны Израил халқын азатқылыў пикиринен дәрриў қайтып, ләшкерлерине оларды тутып келиў ҳаққында пәрман береди, лекин Қудай Яхве Израил халқын қорғап, Мыср ләшкерин суўға ғарық қылады.

Китаптыңақырғыбөлиминдегиўақыялар (19-40 баплар) Синай таўында жүзбереди. Қудай Яхве бул таўда Мусаға келип, оған он ҳәмирди, сондай-ақ, сажда қылыў, қурбанлық келтириў, күнделик турмысҳаққындағынызамларды, муқаддесшатырҳәмшатырдың буйымларынҳәмде қурбанлық орынларын жасаў, руҳаныйлыққийимлери ҳаққындағы көрсетпелерди береди. Булбөлимдехалық бут жасап, онҳәмирдиңбиринщиси болмыш – "қудайдан басқаға сажда қылмаслық" (20:2-3) аятына қылаплык ис қылғанларыҳаққында гүрриңқылынады.

Таўраттыңүшинши китабыбазыдереклерде**"Левит"**, базыларында болса**"Саҳрада"**депаталады. Аталыўында парық болыўына қарамай, булкитап бир мазмунды өзиндесыпатлайды, яғный, Израилхалқының Мысрдан азатболыпшыққаннан кейинги тарийхыбаянетиледи. Бул китаптыүшбөлимге бөлиўмүмкин. Биринщибөлимде (1:1-10) Қудай Мусаға: "Халықты санап шық!", депҳәмир бергенинен соңИзраилхалқыныңрезиденциясына жайласыўыҳәм Леви[6] қәўиминиң мәжбүриятларыҳаққында Мусағакөрсетпелербереди. Булбөлим халықтың Фисиҳ байрамын белгилеўи[7]ҳәмҚудай Яҳваға қурбанлықлар нәзир қылыў ҳаққындағыгүрриңменен тамамланады.

Екинщибөлим (10:11 – 21:20) Израилхалқы Иордан дәрьясының шығысында жасап атырған Муяб халқының журтына жол алғандажүзбергенўақыяларды өзишинеалады. Булбөлимдегимағлыўматларға бола, бул сапар Мысрдан шыққаннан кейинги ең қыйын сапар болып, халық көпарзықылады, ҳәтте, ҚудайғаҳәмМуса пайғамбарға қарсы көтерилис көтергени, Канъон журтына ҳужим қылыўданбас тартқаныақыбетиндеҚудайИзраил халқын жазалайды: қырқ жыл саҳрада қалдырады.

Булкитаптыңүшиншибөлими (21:21-36:13) Израилхалқының Иордан дәрьясы шығысындағыжерлерди ийелеўиҳаққындағыгүрриңмененбасланадыҳәмдеИзраил халқынаҚудайтәрепинен бир нешенызамлар бериўи мененжуўмағына жетеди. Улыўмаалғанда, Таўраттыңбелгили бир қурамбөлимиесапланыўшы булкитапбузғыншы, руўхый түскинликке түскен, Қудайданүмитинүзген халық ҳаққындағыгүрриңқылады.

**Талмуд.** Яҳудийлик диний дереклеринен және бири Талмуд болып есапланады. Талмуд (әйй.яҳуд. "ламейд" – "үйрениў") – өзқурамында Мишна ҳәм Гемара (яғный, Галаха – яҳудий дини нызамлары)ны жәмлеген, яҳудийлик диний-әдеп икрамлық өлшемлери ҳәмнызамларынан ибараткөптомлық топлам болып есапланылады. Ортодоксал яҳудийликтиң орайлық орнында Муса пайғамбар Тур таўындаболғанўақытта Таўраттықабыл қылыпалғанлығына исеним жатады. Жазба Танахдан

---

[6]Яҳудийлық дереклерине бола , Леви қәўими Бани израил халқынан болмағанлықтан халықты дизимге алыў процессинде қатнаспаған. Таўраттың "Саҳрада" китабының 1:50 аятындағы хабарына бола, Леви қәўими Қудай менен халық ортасындағыдүзилген "муқаддас ўәсият шатыры" ҳәм оның ҳәмме нәрселерин көтерип жүриў ушын Қудай тәрепинен таңланған.

[7]Фисиҳ байрамы – Бани Израил халқын фараон зулмынан азат болғанлығы ҳәмде Мисрдан көщип шыққанлығы мүнәсибети менен шөлкемлестирилген яҳудийлық мәресимлеринен бири.

парықлы түрде, жоқарыдағы жағдайдыңсыпатламасы әўладтан әўладқа аўызекитүрде өтипкелиўинәтийжесинде Талмуд қәлиплести.

“Галаха” депаталған диний нызамларғатийислитекстлердиесапқа алмағанда, Талмуд көпсанлы мифологиялықҳәмертеклик сюжетлер, халық әпсаналары, тарийхый, медициналықҳәмде сыйқырлық текстлерин қамтыпалған. Булардың ҳәммеси “Агада” депжүритиледи. Талмуд қурамынакиргеншығармалардыңтийкарында Танахқа, әсиресе, оның биринshибөлимиесапланған Таўратқа жазылған комментарийлерде жатады.

Талмуд қурамлық дүзилисиҳаққында айтқанда, ондағытекстлертүрли тиллердеекенлиги итибарды тартады. Талмудтыңкөпшиликбөлимиарамей тилиниңтүрлидиалектинде жазылғанболып, оларәййемги яҳудий сөзлери, ибаралар ҳәмтүсиниклерҳәмде Таўратта ушырайтуғын үзиндилерден ибарат. Сондай-ақ, Талмудда шама менен 2.500 әййемгигрекҳәмжақыншығыс тиллери, базыда болсапарсыҳәм латын тиллеринетийислидиалектиндеги сөзлер ушырайды.

Әййемнен Талмуд текстлери синтаксислик элементлар менен белгиленбегенболып, абзацлардың бир-биринен ажыратылмағанлығыоқыўда қурамалылық туўдырған, булболса бир көринистиң басланыў ҳәмде тамамланыў орынларын анықлаўда қыйыншылықларға алыпкелген.

Талмуд текстлериниңмазмун-мәнисиҳаққындаайтатуғын болсақ, онда яҳудийлердиң эсхатологиялық (ақырет, қыямет, марҳумлардыңтирилиўи, олдүньяҳаққындағы) көз қарасларда өзкөринисинтапқан. Талмудта яҳудийликтиң мәресимлери, үрп-әдетлери анық баянетилгенболып, олар 248 буйруқтаҳәм 365 қадаған етиўлерди өзишинеалады. Сондай-ақ, ондаәййемги яҳудийлер арасында дин, қатлам, топарлар (садуқийлар, фарзийлар, ессейлар)дыңкелипшығыўыҳаққындатарийхыймағлыўматларкелтирилген.

Ондабаянетилген диний нызам-қәделер, догмалар, көрсетпелер яҳудий дининиңтийкарын қурайды.

Христиан БиблиясыЕски ҳәмЖаңаЎәсияттанқуралған. Ески Ўәсиятҳақыйқый мәнисте яҳудийлик тарийхынатийислимағлыўматлардықамтыпалған болыўына қарамай, Библия қурамына киритилиўи оны Иса Масиҳ келиўиҳаққындағы хабар бериўшидерекдепесапланыўы менен байланыслы. Бирақ Ески Ўәсиятқурамындағы китаплардың жайласыўы бойыншахристианлықбағдарлары ортасында белгили парықлар гүзетиледи. Мәселен, католик ҳәм православ бағдарында Ески Ўәсияттыңкөпшиликқосымша китаплары (deutero-canonical books) Библия қурамына киритилген. Сулайман данышпанлығы, Даўытҳәм Джудит қыссасы, Маккэбиан тарийхысыяқлыкитапларсолар қатарында. Булкитаплархристианлық дини жүзеге келиўинен алдыңғы екиәсирдаўамында яҳудий халкы арасында қолланылған ҳәмде диний китаплардың (scriptures) грекшеаўдармасы – Септуагинта қурамына киритилген. ЖаңаЎәсияттадәслепкиретгрек тилиндежазылған, дәслепки христиан жамаатларының көпшилигин грек тилиндесөйлеўшилер қураған,

сол себепли, оларЕски Ўәсиятсыпатында Септуагинтадан пайдаланылған. Бироқ, эрамыздың1-әсиринде (90ж.) яҳудий руҳаныйларытәрепинен булкитаплар ибраний диний дереклер (The canon of Hebrew scriptures) қатарына кирмеслиги белгилеп қойылды. Соныңушын протестантлық бағдары дәслепкиүлгилери Библия қурамын белгилеўде ибраний раввиник текстлер стандартын тийкар қылыпалып, Библияныжергиликли тиллергеаўдармасында (Лютер аўдармасыякиангличанкоролы Иаков Библиясы) жоқарыдағы китапларды киргизбеди. Протестантлық Библиясына кирмеген усыбөлим Апокрифа (The Apocrypha) деп аталады. Кейин ала Рим католик ширкеўитәрепинен Трент собор[8]ында бул китаплардымуқаддес диний дерек сыпатындағы статусы қайта тикленди. Сондай-ақ, олар православлық бағдары муқаддескитаплары қатарында сақланып қалди. Қалаберсе, ҳәзирдебулкитаплар Библияныңҳәзирги заман аўдармалары ишине киритилген.

3. ЖаңаЎәсият төртҳошхабар (The Gospel)ды өзишинеалады: Матто, Марк, Лука ҳәм Юҳанно. Булардан дәслепкиүшеўи Иса Масиҳ өмириҳәмхызмети, өлими ҳәмөлиминиң үшинши күни қайта тирилиўи ҳаққындағыуқсас хабарлар жәмленгенлиги ушын “синоптик хошхабар” (бир текис топлам, топланған) депаталады. Юҳанно Инжилиндеболсатийкарғыорын пайғамбардың азат етиўши сыпатындакөриниўи болып есапланып, руўҳтыбул дүнья азапларынан азат қылыўды “ақылға сыймас үлгиси” Иса Масиҳ өмири мысалында сүўретленеди. Соның мененбирге, ЖаңаЎәсият ҳаўарийлер (мәселен, Павел (Paul), Петер (Peter), Иаков (James), Юҳанно (John) ҳәм б.) хатлардан ибаратболып, олардаэрамыздың1-әсириндедәслепкиширкеў хызметин шөлкемлестириўушынзәрүресапланғанилаҳият, тәлиймат, исенимҳәмәдеп икрамлылыққа тийислимәселелердодаланды. Хаўарийлер хатлары арасында – римликлер, коринфликлергебириншиҳәмекинши, галатиялық, филиппиликлер, салоникаликлер ҳәм Филимонға жиберилген намалар Павелге тийисли екенлигинегүман билдирилмейди. Қалғанларыболса мазмунан Павел хатларына уқсағанлығы бойынша оларда Павелгешама менен түсиндирме бериледи. Улыўмаалғанда, ЖаңаЎәсиятқурамлык бөлимин қураған “Ҳаўарийлер хызмети” китабыбиринши Троица байрами[9]нан апостол Петер ҳәм Павелдинхристианлық динин жайыўға бағышланған сапары (Evangelical tour) әмелгеасқанша шекемболғандәўирҳаққындагүрриңқылады. ЖаңаЎәсияттыңжәне бир бөлими саналыўшы “Ўаҳий” китабы дүньяның ақырыҳәмжер жүзине Иса Масиҳтиңекинши түсиўи бойынша хабар береди. ЖаңаЎәиятты қураған барлық китаплар Иса Масиҳ өлиминен кейинги дәслепкижүз

---

[8]Рим католик ширкеўи тәрепинен 1545-1563 жылларарасында Италияның Тренто қаласында протестантлық ҳәрекетин қаралаўға бағышланыпөткизилген собор болып, онда традицион католик исенимлери қайта белгиленген ҳәмде “аксил-реформаторлық компаниясы” мақсет-ўазыйпалары ислепшығылған.

[9]Троица күни (байрамы) – пасха байрамынан кейинги жетинши екшемби күни өткзилип, онда Иса Масиҳ аспанға көтерилгеннен кейин, оның шәкирти көринисинде Муқаддас Руҳтың түсиў ҳәдийсеси нышанланады.

жыллықишиндежазылғанболып, олардан қайсы бири ЖаңаЎәсияткурамына кириўи якиалып тасланыўыхаққындағыжуўмақлаўшы қарарға эрамыздың 4-әсиринде ғана келинген.

**Қадағалаў сораўлары:**

1. Шығыс алламаларынан кимлердиң динтаныўшылыққа тийислишығармалары батыс тиллерине аўдармақылынған?
2. Исламнан алдыңғы араблар қандай илимлар менен шуғылланған?
3. Ал-Бағдодийдиңқандай шығармасынбилесиз?
4. “Китап ал-асном” китабыныңавторы ким?
5. Динлерди үйрениўди тарийхыйусыл нима?
6. Абу Райҳан Берунийдиң қандай шығармаларынбилесиз?

**Әдебиятлар дизими:**


1. Тайлор Э. Первобытная культура. М., 1989.
2. Религиозные традиции мира. Буддизм, иудаизм, христианство, ислам. Справочник школьника. Бишкек, 1997.
3. Радугин А.А. Введение в религиоведение: теория, история и современные религии. М., 1996; 2-е издание, исправленное и дополненное. М., 1999.
4. Основы религиоведения. Под редакцией И.Н.Яблокова. М., 1994. Издание второе, переработанное и дополненное. М., 1998.
5. Лекции по истории религии. Учебное пособие. Санкт-Петербург, 1997.
6. Лекции по религиоведению. Под редакцией профессора И.Н.Яблокова. М., 1998.
7. Диний экстремизм ва терроризмга қарши курашнинг маънавий-маърифий асослари. – Т.: Ислом университети, 2005.
8. Маънавият асосий тушунчалар изоҳли луғати. –Т.:Ғафур Ғулом номидаги нашриёт-матбаа ижодий уйи, 2009.
9. Миллий истиқлол ғояси: асосий тушунча ва тамойиллар. –Т.: Ўзбекистон, 2000.
10. Ўзбекистон Республикасининг «Виждон эркинлиги ва диний ташкилотлар тўғрисида»ги қонуннинг янги таҳрири. Т.: Адолат, 1998.
11. Беруний Абу Райҳон. Танланган асарлари: Т.1. (Қадимги халқлардан қолган ёдгорликлар) Т.: Фан, 1968.
12. Йўлдошхўжаев Ҳ., Раҳимжонов Д., Комилов М. Диншунослик: маърузалар матни. Т.: 2000й.
13. Қуръони карим.-Т.: «Чўлпон», 1993 йил.
14. Ҳусниддинов З.М. «Ислом: йўналишлар, оқимлар, мазҳаблар». «Ўзбекистон миллий энциклопедияси» давлат илмий нашриёти. Тошкент, 2000 йил.
15. Ҳасанов А.А. «Қадимги Арабистон ва илк ислом, жоҳилия асри». «Тошкент ислом университети», 2001 йил.
16. «Ислом зиёси ўзбегим сиймосида». «Тошкент ислом университети» нашриёти, 2001й.
17. «Шарқ» нашриёт – матбаа концернининг бош таҳририяти. Т.: 1998 й.
18. Шайх Муҳаммад Хузарий. «Нурул яқин ва итмомул вафоъ».

Мовароуннаҳр нашриёти, 1992 йил.
19. Исҳоқов М.М. Халқ даҳосининг қадимги илдизлари ва илк куртаклари (Зардуштийлик, Зардушт ва Авесто ҳақида) // «Тил ва адабиёт таълими» журнали, № 2 (1992), Б. 3-12.

# 3-ТЕМА:ЗАРДУШТИЙЛИК ДЕРЕКЛЕРИ

***РЕЖА:***

*3.1. Зардуштийликтиң  пайда болыўы.*
*3.2. Авестоның муқаддес жазыўы.*
*3.3. Зардуштийлик мәресимлери.*

**Таяныш түсиниклер**: зардуштийлик, Авесто, ийман, дин психологиясы, дин социологиясы, дин – социаллық ҳәдийсе.

## 3.1. Зардуштийликтиңпайдаболыўы.

ОрайлықАзиядаэрамызданалдыңғы II–I мың жыллықлардажүзегекелген. Олдүньядағыеңәййемги динлерден бири есапланып, оғанэрамыздан алдыңғы XII-VI әсирлердеОрайлықАзия, Азербайжан, Иран ҳәмКишиАзия халықлары исеним қылған.

Зардуштийлик басқабарлық  динлергесалытырма еңкөп тәсир өткизген дин, деўмүмкин. Зардуштийликтехәр бир адамүстиненилаҳий ҳүким әмелгеасырылыўы, жәннет ҳәмдозақ, қыямет-қайым, ондадененниңқайта тирилиўи, денеҳәм рух қайта бирлесип мәңгижасаўыҳаққындағы тәлийматлар бар. Зардуштийлик дини Зардушт номига нисбат берилип, шартли равишда шундай атаб келинади. Ҳақыйқатындаболса, булдинниңмуқаддескитабыесапланған «Авесто»да ол «Маздаясна» дини депаталған. Бул сөзди «Маздаға сыйыныў» депаўдарма қылыў мүмкин. «Мазда» сөзи «даныш, данышпан, ақыл» сыяқлы мәнилерде бериледи. Зардуштийлик сондай-ақ, «Беҳдин», яғный «Еңжақсы дин» дегенатама менен де улығлаған. Оның  тәлийматына бола, болмыс Мазданыңерки мененжаратылған. «Мазда» сөзиалдына улығлаў мәнисин аңлатыўшы «Ахура» қосылып, зардуштийликтиң илаҳияты – Ахура-Мазда атамасыпайдаболған. Бул – «Жанаб Мазда» яки «Илаҳ» демекдур.

Зардуштийлик тәлийматыОрайлықАзиядаәййемгидәўирдебарболғантәбияткүшлерин илаҳийлестириўши исенимлерге қарағанда монотеистлик тәлийматболып есапланылады. Зардуштийлик негизиндеәлемниң қарама-қарсылықлар гүреси тийкарында қурылысы, жақсылықҳәмжаманлық, жақтылықҳәмқараңғылық, өмирҳәмөлимортасындағымәңгигүресиҳаққындағыидеяларжатады. Барлық

жақсылықларды Ахура-Мазда ҳәмбарлық  жаманлықларды Анхрамайнью (яки Ахриман) сыпатлайды.

Зардуштийликте  ийман  пикирлер  саплығы,  сөздиңанықлығы, әмеллердиң инсаныйлығынатийкарланады. Ҳәр бир зардуштий күнине бес мәртежуўынып, пәкленип, Қуяшқа қарап, оныкуўатлап сыйыныўы шәртесапланған. Зардуштийлик ибадатханаларында турақлы түрде отжанып турады. Олардадүньядағы төрт нәрсе – суў, от, жерҳәмҳаўа улығланады.

VIII әсирдеОрайлықАзияғаислам дини кирипкелип, кең тарқалғанға шекем зардуштийлик жергиликлихалықлардыңтийкарғы дини есапланған. Тарийхый шараятлар тәсиринде зардуштийликка исеним қылыўшы жәмаатлар саны қысқарып, бүгинги күндеолардың саны шама менен 100 мың, олардың көпшилигиболса Ҳиндистанның Бомбей штатына тийисли районлардан бириндежасаўшы парсылар[10]қурайды.

**Авесто** зардуштийликтиңмуқаддескитабыесапланылады. Ол“Апастак”, “Овисто”, “Овусто”, “Абисто”, “Авасто”сыяқлыформаларда да ислетилип келинген. Авесто ОрайлықАзия, Иран, Азербайжан халықларының исламға шекемги дәўирдегисоциал-экономикалықтурмысы, әлем ҳаққындағыкөз қараслары, үрп-әдетлери, мәнаўий мәдениятын үйрениўдеәҳмийетлидереқсаналады.

Ол бизге шекем толықжағдайдажетип келмеген. Бизге шекемжетипкелген Авесто, Берунийдиң жазыўынша, негизиниңбестенекибөлими. Ол “Авесто 30 наск (бөлим) еди, мажусийлер (зардуштийлер) қолында 12 наск шамасы қалды”, – депжазған.

Авесто бөлимлер, яғный китаплардан ибаратболып, олардыңарасында тийкарғы литургик (массалық түрде орынланатуғын ибадатларға тән) текстсыпатында Ясна қаралады. Ясна тийкарын гатлар қурап, ол Зардушт ҳәмоның даўамшыларытәрепинен баянқылынғангимнлердиқамтыпалады. Сондай-ақ, гатлар зардуштийликкетийисли ибадатларды орынланыўында бирлемшиорынтутады. Авестоныңбасқа бир китабы Видавдод болып, ол гүналардан пәклениўге тийисли қәделер топламы болып есапланады. Виспарад болса “кишиқудайлар” (spiritual lords)ға аталған литаник (қудайға мурәжат пайтында жыламсырап айтылатуғынякиоқылатуғын ибадатқа тийисли) ритуаллар топламы болып есапланады. Авестоныңжәне бир Яшт китабы Зардушт қаҳраманлықларын көркем тәриздесыпатлаўшы әңгимелердиөзишинеалады.

### 3.2. Авестоныңмуқаддес жазыўы.

**Авестоныңмуқаддесжазыўы.** Авесто тек ғана  диний дерек ғана емес, бәлки дүньялық билимлер, тарийхыйўақыялар, өзи тарқалған үлкелер, елатлардыңсоциал-экономикалықтурмысы, мәденийҳәм мәнаўийқараслары, диний исенимлери, үрп-әдетлери хаққындағыдеректе болып есапланылады. Ондабаянетилгентийкарғыидеялар диний исенимниңдәслепкиәпиўайы билимлери Зардушт деген пайғамбар атыменен байланысқан. Ол "Авесто"

[10]Парс – 8-әсирде Парсы қолтығындағының мусылманлар тәрепинен ийелениўи  нәтийжесинде Ҳиндистан ҳәм Пакистанға қарапбағдарланған зардуштийлик тәрепдарларының аты.

ныңеңәййемгибөлими "Гат" (хат) ты дөреткен. "Авесто" қурамынакирген билим, мағлыўматларэрамыздан алдыңғы 3000-жыллықтың ақырларыҳәм 2000-жыллық басларынанэрамыздың басларына өткендәуирдежүзегекелген; әўладтан-әўладқа аўызекиөтипалынған, оның буға терисига жазылғанкөпбөлимижоғалған, жетиден бир бөлими сақланған. Олэрамызданалдыңғы 3 әсирде Ашракийлар династиясы дәўиринде топланған.

Зардуштийлик дини тәлийматын төмендегиүштарийхыйбөлимге бөлиўмүмкин; 1. Еңәййемгибөлимиэрамызданалдыңғы 3-мыңжыллықтажүзегекелген Яштлар болып есапланады; оларда урыўшылықдүзиминдеги исенимлер, көпқудайлық көз қараслары сүўретленген; 2. Гатлар депаталғанбөлим. Бунда Ахурамазда атлыҚудайҳаққындапикирлержазылған; 3. Әййемгикөпқудайлылықҳәм кейинги жеке қудайлық идеялары арасындағыгүрес шараятларында эрамыздан алдыңғы V әсирдеҳәрекеўин келистирген маздакийлик дини қәлиплескен. "Авесто" булдинниңақырғыҳәмтийкарғыбөлиминбаянеткен.

Шаҳ Виштаса пәрманына бола "Зардушт 1200 баптан ибарат панднамасы "Авесто"ныалтын тахташаларға жазып, шаҳтың оташкадасына тапсырған" депжазған еди Фирдаўсий. Кейиналабул "Китап" 12 мың буға терисине жазылып, македониялық Искандар Зулқарнайн Шығысүлкелериниң бир бөлимин басып алғанда,оның баҳалы нусқасын Элладаға жеткерип, керекли орынларын аўдарма қылдырған, қалғанын жандырған". "Авесто" жоқарыда айтылғанындай, еңәййемгижекеқудайлыққа тийкарланғандинниңбириншимуқаддес китабы ғанаболыпқалмай ҳәзирге шекем, итибарлытарийхыйдерекҳәм мәдeният естелиги болыпесапланылады. Ондадәслепкиәпиўайы социал-философиялық қараслар менен диний-мифологиялыққөз қараслар уйғынласып кеткен; сол зәминде мәнаўий, соның ишинде әдеп икрамлы бәркамал адам жақсылықты турақлы қылаалатуғынгүресшең, әдалатпәрўар инсандықәлиплестириў идеясы орайлықорынды ийелеген. "Авесто"да тәбийғыйбилимлер- агрономия, метеорология, зоотехника, медицина, астрономия, астрономия, географияға тийисли билимлердебар.

Зардушттың диний реформасы бос жердежүзегекелгенемес. Батыс Европа ҳәм рус изертлеўшилериниң пикиринше, эрамызға шекем болған 3-2 мыңжыллықларда ОрайлықАзияда орий депаталған қәўимжасаған. А.П.Примактың айтыўынша, орийлар көшпели шарўа қәўимлери болған. Олардажазыў болмаған, бирақ ҳайранқаларлық аўызекидөретиўшилик қәбилетине ийеболып, оларжаратқанөзинетәнқосық, гимн, пәнд-нәсийхат формасындағы қосықларәўладтан әўладқа өтип барған. Улыўма Шығыста әййемнен инсанишкиәлемин анықластырыў, нийет мененәмел байланыслылығына қатаң әҳмийетбериў диний ҳәм философиялық пикирлердиң орайында турған. Англиядағы Оксфорд университетиниң профессори Макс Мюллер Памир әтирапында жасаған Орий қәўимлериниңбир бөлими буннан 3,5 мыңжылалдын Ҳиндистанға, бир

бөлими Европа ҳәмИранға көшип кеткенин атап өткен. Оларәлбеттеөзлери мененбиргесолжердеги мифологияны да алып кеткен, депесаплаған. Демек, Европа ҳәмҲиндистанға ҳәмдеЖақынҳәмОрта Шығысқа тарқалған көпқудайлылық тийкарларыеӊ дәслеп ОрайлықАзиядажүзегекелген. Сонықмененбирге Зардушт тийкар салған жеке қудайлылық дини де басқа жерлерде жасап атырған халықлар итибарынөзинетартқан. Зардуштийликтиңмуқаддесжазыўлартопламы "Авесто" территорияда Искандер тийкар салған ҳәкимият қулағаннан соң, эрамызға шекемги 250-жылларда аршакийлердинастиясы ҳүкимранлығыдәўириндежәне тиклене баслаған; олжаңатекстлерменен толтырылған. Сасанийлер династиясы ҳәкимиятыдәўиринде (эрамыздыңIII-VII әсирлери) зардўштийлик мәмлекетлик дини статусын алғаннан соң, булисақырына жеткизилген. Яғный «Киши Авесто» да жазба түр алған. "Авесто"ның үшкитабы (бабы) әййемги турон тилиндеҳәм биреўи пахлавий тилинде тикленген. Ҳәзирги мағлыўматларға бола «Авесто» Ясна, Яшт, Виспарад, Киши Авесто бөлимлеринен ибарат.[11]Оның биринишикитабы "Вадавдот", яғный даўлерге қарсы нызам, деп аталған. "Ёсин" ҳәм "Виспарад"ты қосқан жағдайда "Вадавдот-Садэ" аты мененжүритилген. "Вадавдот"ты пәклениў нызам-қәделери топламы деп те атаўмүмкин. "Авесто"ныңекинши "Ёсин" китабыболып, Зардушт Хат (нама)ларыоның тийкарғымазмунынқураған. Ол 72 "аўа"- болжаўдан ибаратболып, биринши болжаўда тәбиятҳәм ҳалаллықлар ҳүкимдары, ҳәмме нәрсени билетуғынҳәм ҳәмме нәрсеге уқыплыАхурамазданыңўаҳийлары ҳақлығына ийман келтириўге тийисли дуўалар бар. 19- болжаўда әлем жүзеге келместен алдын барболғанқудайлар ҳүрметине шукираналар баянетилген.

Ийман калимасы, пәклениў (жуўыныў гигиенасы), жаўызлықты ләнетлеп атырған пайытта денени қандай мәремде тутыўлық, дәў, иблисларды айдаўға қаратылған ҳәрекетлер, гүнадан азат болыў, кеширим сораўға тийисли дуўалар бар. Гүнаданазат болыў, ийманды сақлап қалыўушын мәселен, мине бундай дуўалар оқыў усыныс етилген; "Эй әлемниң ҳүкимдарыАхурамазда! Мен барлық гүналарыма ықрарман, оларды тәкирарламаслықушын саған сөз беремен; мен ҳәр қандай жаман нийет (пикир)лерден, ҳәр қандай жаман әмеллерденўаз кешемен; сөзлерим ҳәмәмелий ислерим арқалы буннан былай исенимиңди ақлайман; гүналарымдыкеӊ кеўлиң менен кешир, ол дүнья бул дүньямды мунаввар ет, эй пәрўардигарым"!

Ёсинлардың 7-бабында Зардушт арқалы хабар берилген болжаўларөзкөринисинтапқан. Зардушт Ахурамаздадан өзәдеп икрамлықнызам-қәделерин мәлим етиўди сораған. Ол буған жуўап ретинде болмыстыңекижоқарыбасламасы жақсылық ҳәмжаманлық ҳаққындаўаҳий қылған. Бир-бирине қарама-қарсыболғанбул басланғыш күшлерҳәрқашан биргеликте барболып, оларөмирҳәмөлим, аспанҳәм жәҳаннем мәнислерин аңлатқан. Жәҳаннем Ахурамазда ўаҳийсында "өмирдиңеңжаманўақытлары",

---

[11]Каралсын: Авесто». Тарихий адабий ёдгорлик. Асқар Махкам таржимаси-Шарқ, 2001. -Т.: 369 б.

аспан болса руҳ еңжақсы жағдайы сыпатында геўделенеди. Әлемдеги жаўызлықҳәмжетилиспегенлик нәрсе, ҳәдийселер ҳәмолардың мазмунынан келип шыққан. Оларды сапластырыў болсакелешектеги исболып, ийманлыадамларбулпроцессте еңүлкенбелсендилик көрсетиўге шақырады. ОларАхурамазда жиберген нызамлар, үгит-нәсийҳатларға әмел қылса, жақсылық жаманлық үстинен жеңиске ерисип, тәнтана қылып бара береди деп есаплаған.

Әлам қарама-қарсылықларгүреситийкарына қурылған; тири тәбиятта өмирҳәмөлим, мәнаўий әлемда жақсылықҳәмжаманлық, социал турмыста әдалатлынызамлармененнызамсызлықларортасындағыгүреслердеолөзкөрини син тапқан. Диний тараўболсажақсылықты орнатыў руйҳымененжаўызлық руўҳына, жақсылық руўҳыортасындағыгүреске тийкарланған. Ахурамазда жақсылықты жүзеге келтире береди, жаўызлық руўҳыболған Аҳриман оған қарсытәриздеадамларды жаман ислерге баслай бередидепесапланған. 30-болжаўдажақсылықҳәмжаманлықортасындағымәңгигүресте аралық жолжоқ, ҳәр бир адам булпроцесстиңякибул тәрепинде қатнасыўға мәжбүр, делинген. Соныңушын диндарлықта ийман-исенимкәмиллик нишанасысыпатындаәҳмийетлиболып, оладамларға жақсылықты жаманлықтан парықлаў имканиятын бергендепойлаўлар қылған. Ийман-исенимли адам әлбеттежақсылық тәрепинде турадыдепатап өтилген, жаўыз руўхлар - дәў, пери, иблис ҳәмбасқаларболса гүналар, адасыўлар, өтириклер, кеселликлер тымсалысыпатындасүўретленип, Ахурамазданыңолардан сақланыўға қаратылған шақырықлары жазылған. Ёсинниңбиринши болжаўындаҚудай-"Мен жақсыпикир (нийет)лерди, жақсы сөзлердиҳәмжақсы әмеллерди жақтыраман. Мен маздаёсин нызамларына тийкарланған үгит нәсиятларды улығлайман, депжазған. Демек, зардуштийлик ийманытөмендеги 3 таянышқа тийкарланған: пикирлерпәклиги, сөздиң анықлығы, әмеллердиңинсаныйлығы Ахурамазда адамлардыөзтилеклеринде қалыс болып, бир-бирлери мененкелисимге келип жасаўды әдет қылыўлары, ғәрезгөйлик, өзин басқалардан жоқары қойыў, ҳәмелпарастлық, нызамбузыўшылықсыяқлы иллетлерден өзлерин тыйыпжүриўге шақырған.

Ахурамазда берген панд-нәсиҳат бойынша, "Берген сөзиниңүстиненшығыў, оған садық қалыў, саўда-сатықта шәртнамаға қатаңәмел қылыў, қарыздыўақтында төлеў, алдаўшылық ҳәмқыянеттен азат болыў ийманлылық аламатларынан бири болып есапланады". Оның пикиринше, ийманлыадам урлық ҳәм талаўшылықтан, басқалардыңмал-дүньясына көз алайтырыўдан, өз-өзинеқыянет қылыўдан, яғный ийманына қарсы ис қылыўданөзин сақлай билетуғын кәмил инсан болып есапланады. "Денелериңизге салыстырма, дегенол, қәлбиңизҳаққында көбирек қайғырыңг", яғныйдәслеп мәнаўий дүньяңыз тынық болса, материаллықтурмысыңыз да жетик болып бара береди.

Болжаўлардағы Адам Атаҳаққындағыраўаятларөзинетәнлиги мененажыралыптурады. Буларда ийим атамасы мененбиринишиадамҳәмоның

хызметиҳаққындағыгәплержазылған. Мысалыол, Ахурамазда ирадасынамуўапық, адамларнды, ҳайўанлардыҳәм қуслардыбаққан. Жержүзинде қызыл нурлы отты көбейттиредиҳәмсол тәризде 300 жылжасаған. Ахурамазда оған алтын найза мененалтын қамшы инам еткен. Жерадамлар жасаўы ушынберилгенде, Ийим найзаныжерге суғып, қудайдан оны кеңейттириўди сорапҳәм буған ерискен. Ахурамазда Адам Атаға музлық апатшылығы киятырғанлығынан хабар берген, булпаптшлықтың алдын алып қалыў кереклигин айтқан. Ийим арнаўлыүй қурып, ҳәмме бар хайўан ҳәмөсимликлердиң ең жақсы түрлеринен бир жуптан сақлаған; нәтийжеде дүньяда тири тәбиятты апатлардан сақлап қалған. Бирақ Ийим өз исине артықша баҳа берип, марапатланып кеткенҳәмҚудайқадаған еткен байлық - ири шаҳлы ҳайўан гөшинен жеп қояды. Ақыбеттеолқудайдың қәҳрине ушырап, мәңгиликтен айрылады. Адамзат өмириниңбулбиринши басқышынан соң, екиншиси басланар екен. Булдәўир Зардушт хызметиҳәмоның диний реформасыменен байланыслы болып, ол дин ҳәмийманушынгүреслерден ибарат. 3000 жыллық гүреслерден соң Зардушттың тәлийматы басшылығында дүньяда тынышлық ҳәмпараўанлықдәўирижүзеге келер екен; жаўызлық күшлери тымсалы болған дәў - Ахриман жеңилерекен. 3-дәўирде қыямет-қайым басланарҳәмөликлер тирилип, Қудайалдындаөз қылмыслары ҳаққындаесап бериў ушын барар екен. Ҳәмме ислерден хабардар болғанҳәмесап -китап қылып барған қудайды алдап болмас екен. Зардуштийлик исеними бойынша, адамөлгеннен соңоның жаныүш кун даўамындаденеде турар екен; төртинши күндеөз мәҳреми – периштеси жол басшылығында о дуньядағы "Чинвот" деген көпирден өтиўи керек. Жақсы ислерқылғанадамларушынбул көпир кеңейген жағдайдатурады. Олароннан биймәлел өтип, өмирлери мәңги рәҳатте өтеди; ақыретте өликлер тирилетуғын күндеөзденелерине кирипжатады. Жаўыз ислерменен шуғылланғанлар ушын "Чинвот" қылдай тараяр ҳәмолар жәҳаннем азапларына дуўшар болады екен.

Ёштлар ҳәм ёсинлар 3 қатламдан ибарат: Биринshiси халық дәстанларыныңЗардуштқа шекемгиболған қосықлары; екиншиси Зардушт Хат (нама) ларыҳәмүшиншиси Зардушт өлгеннен кейин китапжағдайына келтирилгенҳәмКиши Авесто атамасы мененжүритилетуғын бөлими. Демек, "Авесто" ныңдәслепкиҳәмкиши (кейинги) бөлимлериненоның тийкарғыбөлими Зардушт Намаларын парықлаўлазым. Бул Намалар көпқудайлықты, отқаҳәм тәбияттың стихиялы күшлерине сыйыныўды қаралап, жеке қудайлыққа исеним қылыўды талапеткен. Ҳәзирге шекем болғанилимийәдебиятлардағыпарықлар көбирек "Киши Авесто"ғатийкарланып билдирилген. Бунда жеке қудайлық идеялары көпқудайлылық исенимлери мененбайланысып кеткени ушынизертлеўшилер зардуштийлик көпқудайлылықякиекиҚудай дини сыпатындаанализетиледи. Бундай қараслар зардуштийликтиң үшинши бағдары – көпқудайлылықпененжекеқудайлылық араласпасынан ибарат маздаизм менен араластырыў ақыбети болып есапланады.

Зардуштқа шекем болғанАхура, Митра, Мазда, Анахит ҳәмбасқақудайлар ҳаққындаҳәркыйлыпикирлерболған. Биpaқoлapaдaмлapдaй өмир кеширген болса, Зардушт тәлийматында Ахурамазда Жоқарыбаслам болып, оның я ҳаялы, я балалары жоқ. Ол ҳәмма тири жанларды жаратыўшыҳәмбасқарыўщы сыпатында, жақсылықты турақлы етиўши, адамлар қәлбин тынықландырыўшы Жоқары руҳ сыпатындакөрсетеди.

Иран шахлары өз империяларын турақластырыўда зардуштийликтиңорныҳәм ролине дурыс баҳа берген. Бирақ, бул диндеги орта жағдай дийханшылық, кемтар турмыстан ибарат турмыс тәризин илаҳийлестирип, қулшылық қатнасықлары қараланбайды. СоныңушынИран шахлары зардуштийликти Зардушт пайғамбарға шекем болғанҳәмЖақын Шығыста да кең тарқалған көпқудайлылық идеялары менен араластырылады. Зардушт орнына өзлерин Қудайўаҳийлерин адамларға жеткизип турыўшы пайғамбар орнына қояды. "Киши Авесто"да Ахурамазда әлемди жаратыўшыҳәм тәртипорнатылыўшылықтан бола көбирек қәўимлик қудайларды басқарыўшы Басқудайға айландырып қойған. Аҳаманийлер Грецияны басыпалыўушыналып барған урыслары (бунда ОрайлықАзиядағы турк әскерлери үлкен рол ойнағаны ушын Искандар Зулқарнайн оларданөшалады) ҳәмде греклердиңИран ҳәм Туранды басып алыў ақыбетинде Ахурамазда әййемги ГрециядағыбасҚудай Зевссыпатындаанализетиле басланғанлығы изертлеўшилер итибарын қаратады. Аҳаманийлар зардуштийликти өзисенимлерине бойсындырған болсада, Искандар бул динди пүтинлей жоққылыў ушыноған тийислижазыўларды жақтырып жиберген.

### 3.3. Зардўштийлик мәресимлери.

Зардуштийликтиңтийкарғыидеяларыәлемдеги барлық тәртиплер, жақсылыкҳәмжаманлықтағы, зыяҳәм зулмет, өмирҳәмөлимортасындағыгүреске байланыслы; дүньядағыбарлық жақсылықларды Аҳурамазда, жаманлықларды Аҳриман көрсетеди; булгүресте адамтийкарғыкүшҳәм ролди ойнайды, олтаңлаў еркинлигинеийе, олөз ғайратымененбул дүньяда әдалат табыўына тәсир ете алатуғын адам. Демек, ҳәзир де кимде ким, өзиниңерки, акыл-закаўатына исенип, оны иске салса, өзинеқандай да бир кәсипти таңлап алса, ғайратлыболса, әдалатсызлыққә дус келсе, оған қарсы гүрессе ҳасла кем болмайды, әдалаттың тантанасына ериседи.

Зардуштийликтиң ҳәзирги дәўирадамлары, соның ишинде талабалар ушынәҳмийетисонда, ондаадамларбәрҳә пәкизе жүриўге, денесин таза тутыўға, жаман ислер қылмаўға; ҳәр қандай жаўых нийетҳәм ҳақаратлы, ашыўды келтириўши сөзлерди айтпаўға, шаңарақ дүзиўҳәмоны сақлаўға, ата-ана ҳәмперзентлерге ғамхор болыўға, жеке турмыста турақлы болыўға, яғныйҳәр бир ҳәрекетлерин бузбаўға шақырыўшы қәде, нәсийҳат, үгитлер баянетилген.

"Авссто" ның муқаддес китапларында әййемги дүнья философиясының4 тийкарлары (субстанциясы) - топырақ, суў, ҳаўа, от муқаддес деп есапланылған. Топырақ, суў, ҳаўаны былғаў, патасландырыў

еңаўыр гүналар қатарына қосылған. Ҳәтте марҳумлардыңденелери жерди, суўды, ҳаўаны зәҳәрлеп қоймаўлықлары ушынолардыңденелерин арнаўлы сопол ыдысларда көмиў әдет болған. Ахурамазда "жерге жақсы, беккем дәнлер сепиўден артық саўап исжоқ", деген. Қудайдыңбул айтқанына әмелқылыў, 10 мың мәрте ибадат етиў,жүзлеп жаныўарларды қурбанлыққа сойыўдан абзал есапланылған. Егин егиў жердеги жаўызлыққа шек қойыў деп есапланған. "Адам гөззаллығы дийханнан, дийханшылықтан, -дейилген болжаўларда, - ким жерге жерге туқым сепсе, оладамыйлыққа ийман келтиреди, сол жол ғана бирден бир ҳақыйқат болып, қалғаны өтирик болады. Зардуштийликтиң салмақлы, музыка менен уйғынласып кеткен данаүгитлери ана жерге, дийханшылық, шарўашылық, өнерментшиликкеҳәмЎатанға, халыққа уллы муҳаббат руўҳыменен уйғынласып кеткен. Булжағдай онда диний мазмунға қарағанда дүньялық элементлер көп болғанынан далалат береди.

Зардуштийликтиңбарлық мәресимлери, Наврыз, Меҳиржан байрамларысалтанатларында бул руўҳ әсиресеүлкен қудирет пенен көринеди. Бәҳәр мененбирге тәбияттың гөззалланып барыўыжақсылық руўҳының салтанаты болып, олардыңҳәр бири үлкенўақтыхошлыққа себепболған. Адамлар тәбиаттыңбул гөззаллықларынмуқаддес билип, олардыхалық байрамларыҳәм сейиллерине айландырып жиберген.

"Авесто" ның Гат бөлиминдеадамлар ҳадал мийнет қылыўғаөзқолы менен өнер мененматериаллықбайлықларды жаратыўға, бақыманда, текинхор болмаўға, буларға жол қоймай хужданлы жасаўға шақырған. Булшақырықлардың ҳәзир барлық адамлар, әсиресе талабалар ушында пайдасы үлкен.

Зардуштийликте диний дәстүрлер ҳаққындағыидеяларменен бирге реал, дүньялық, ҳәзир депайдалы нәсийҳат, усыныс, шеклеў, қадаған етиў, қоллап қуўатлаўға тийисли үгит ҳәмшақырықлар көпболған. Олардан ҳәзирги ғәрезсизлигимиз дәўириндедепайдаланыўмүмкин.

## Қадағалаўсораўлары:

1. Зардуштийликтиңпайдаболыўыҳаққында нелердибилесиз:
2. Авесто ҳаққында нелердибилесиз?
3. Диний мәресимлер ҳаққындаайтып бериң?

## Әдебиятлар дизими:


1. Токарев С.А. Религия в истории народов мира. 4-е изд., испр. и доп. М., 1986.
2. Тайлор Э. Первобытная культура. М., 1989.
3. Религиозные традиции мира. Буддизм, иудаизм, христианство, ислам. Справочник школьника. Бишкек, 1997.

4. Радугин А.А. Введение в религиоведение: теория, история и современные религии. М., 1996; 2-е издание, исправленное и дополненное. М., 1999.
5. Основы религиоведения. Под редакцией И.Н.Яблокова. М., 1994. Издание второе, переработанное и дополненное. М., 1998.
6. Лекции по истории религии. Учебное пособие. Санкт-Петербург, 1997.
7. Лекции по религиоведению. Под редакцией профессора И.Н.Яблокова. М., 1998.
8. Яблоков И.Н. Религия: сущность и явления. М., 1982.
9. Ибн Ҳазм Андалусий «Фасл фил-милал вал-аҳва ван-ниҳал», Қоҳира, Ибн Ҳазм Андалусий «Фасл фил-милал вал-аҳва ван-ниҳал», Қоҳира.
10. Мўминов А.Қ. Диншунослик асосларини ўқитиш ва ўрганишнинг ягона концепцияси. Т., Тошкент давлат шарқшунослик институти, 1999.
11. Реадон Б. Бағрикенглик: тинчлик сари олға қадам. Т., 2002.
12. Рудолф У. Ал-Мотуридий ва Самарқанд суннийлик илоҳиёти. Т., Имом ал-Бухорий халқаро жамғармаси, 2001.
13. Беруний, Абу Райҳон. Қадимги халқлардан қолган ёдгорликлар // Беруний А.Р. Танланган асарлар. I том. Т., 1968.
14. Беруний, Абу Райҳон. Қонуни Масъудий // Беруний А.Р. Танланган асарлар. V том. Т., 1973.
15. Беруний, Абу Райҳон. Ҳиндистон // Беруний А.Р. Танланган асарлар. II том. Т., 1968.

## 4-ТЕМА:ҲИНДИСТАН ҲӘМ ҚЫТАЙ ДИНЛЕРИ ДЕРЕКЛЕРИ

***РЕЖЕ:***

*4.1.Хинд диний традициялары.*

*4.2.Хинд динлериниң философиялық – әдеп икрамлық тийкарлары.*

*4.3.Буддизм диний тәлийматы ҳаққында.*

*4.4. Конфуцийлик ҳәм даосизм.*

**Таяныш түсиниклери:** веда, жайнизм, сикҳизм, динтаныў, қыяслаў анализ, санскрит, буддизм, конфуцийлик, нирвана, даосизм.

## 4.1.Хинд диний традициялары.

Ҳинд диний традициясыдүньядағыбасқа диний тәлийматхәмәмелиятлардан өзинде түрли қыйлылықты көрсетиўи менен түпкиликли парыққылады. Олардың базылары монистлик (дүньяныңнегизи биреўдеп билиў) характергеийе, басқасы ҳақыйқат илаҳий Руўх (Purusha) ҳәмдедәслепкиматериаллықтәбият (Prakriti) тыңөзара байланыслылығы депойлаў, және бири атамасызхәмформасыз Қудайға түрлиатамахәмформаларды берип, бирден бир Қудайғаисеним қылып атырғанлығы даўа етиўижоқарыдағы пикир тастыйығы. Ҳиндупараст Кришна, Шива яки ҳәм адам, ҳәм Қудайкөринисиндеги бир пүтинлик тәризинде көз алдына келтириўши Браҳма тымсалында Тәңирге ибадат қылыўымүмкин, бунда, олбирден бир абсолют Ҳақыйқат белгиси сыпатындаолар (үшҚудай)дыңхәммесине хүрмет қылады. Ҳиндупараст булүшликке исеним қылсын яки Маъбуда Дурга[12]ға сыйынмын, булжағдайжергиликли тәлийматқа бола, муқаддес диний дереклердеги көрсетпелерге қарсы ҳәрекет деп баҳаланбайды. Булҳаққындағы Ригведада төмендегише мағлыўматбар: “Ҳақыйқат биреў, бирақ излеўшионытүрлиатамлар менен атайды”.

Улыўмаалғанда, ҳиндуийлик исенимиқарасларыхәмәмелиятын төмендеги тәртипте көрсетиўмүмкин: 1) Браҳма якиабсолют Ҳақыйқат (Ultimate Reality – ҳиндуийликтеҚудайҳаққындағытәлиймат) түрликөринисте көринеди; 2) бул ҳақыйқаттыдене ағзалары (margas) арқалы аңлапжетиў: билим (jnana yoga), ибадат (bhakti yoga) ҳәмәмел (karma yoga); 3) Ҳақыйқатқа араласып кетиўгеерисиў; 4) дүнья өмири ўақтынша ҳәм Ҳақыйқатқажетиўден узақластырыўшы екенлигин түсиниў; 5) инсанойлап атырған ҳәр бир пикири, айтып атырған сөзиҳәморынлап атырған ҳәрекетине сайтүрде жазаякисыйлық алыўыҳаққындағыидеяны сыпатлаўшы “карма” тәлийматына қатаң әмел қылыў ; 6) “қайта туўылыў” (reincarnation) тәлийматы – кимгедуржағдайдың оңланыўы ушын имканият, кимгедурүзликсиз қыйналыўларға түсиў дереги екенлигин түсиниў яки инсанлардың тәғдириҳәмсоциал шараяты ортасында бартеңсизлик Қудайтәрепинен бирин хүрметлеў, басқасына болса керисин қылыў нәтийжеси емес, бәлки кармаға сай ҳәрекет қылмаслықөнимин билиў; 7) Ведаларды улығлаў; 8) шаңарақлық ҳәмсоциаллық турмыс традицияларына хүрмет көрсетиў; 9) өмирдиң төрт мақсетин – ҳадаллық (dharma), байлық (artha), нәпси (kama), әдеп икрамлық жетиклик (moksha/nirvana) – дурыс түсиниў; 10) социал қатламлар (каста системасы) ҳәмолардыңҳәр биринемуўапықбелгиленгенўазыйпалартурмыслық ўақыялыққа тийкарланғанлығын түсиниў.

Айырымқарама қарсылықлы жағдайларды есапқа алмағанда, булисеним қараслары ҳиндуийликтиңбарлық секталарынатийисли қәделер

---

[12]Дурға – буғакөринисиндеги иблиске қарсы жолбарс яки арысланға минипалған жағдайда гүресетуғын сегиз яки он қоллы көринисте сүўретленген кудай.

сыпатындақабылқылынған. Қалаберсе, айырымлары жайнизм, сикхизм ҳәм буддизм сыяқлы динлер тәрепинен бийкарқылынғанбул диний исенимлер ҳиндуийлик жәмаатыныңбасқалардан ажыратып турыўшыөзгешелиги болып қалды.

Ҳиндуийлик традициясықәлиплесиўи тийкарлары бир нешедерекке барып тақалады. Булардан еңәййемгиҳәмабыройлысы ведалар болып, ол Ригведа, Самаведа, Яжурведа ҳәм Атхарваведа сыяқлыбөлимлерден ибарат. Кейинала диндарларға ведалар мазмунынтүсиндириўушынжазылғансамхита[13], браҳмана[14], араняка[15]ҳәм упанишад[16]лар сыяқлышығармаларда ведалар қурамына қосылды.

Ведалар үшмыңжылдан артығырақдәўиришинде әўладтан әўладқа аўызекитүрде өтип келди. Ўақыт өтип, басқышпа-басқышжазыла басланды, сол тәризде, ведаларға тәнгимнлер, ритуаллар өткизиўтәртиби, косықлар ҳәм дуўалар жазыўы пайда болды. Традициялық веда косықларыныңкатаңусылы барлығы олардытүрлиөзгерислерге ушыраўынан сақлап қалды. Веда гимнларыныңкөпшилигитийкарынан болмыс ҳақыйқатыныңжанлы тымсалысыпатындакөрсетиўши тәбияткүшлерин улығлаўға бағышланған. Атап өтиў лазым, ведаларда келген ритуаллардыңҳәммеси ҳәзирги заман ҳундуипараст тәрепинен орынланбаса да, улыўма, оларәййемги ҳинд адамыныңдүньяға көз қарасы  ҳәмой пикир тәризи ҳаққындакөз қарас пайда етиўге жәрдембереди.

Қалаберсе, ҳиндуийлик тәрепдарларының турмыс формасын шөлкемлестириўде ведаларға жазылғантүсиник бериўши шығармалар айрықша орынтутады. Олардан бири Брахмана ведалардыңнасрий сыпатламасыболып, ол сатхапата ҳәм тандямахаға бөлинеди. Упанишадлар 108 болып, олартүрлиўақытлар аралығында (эр.шек. 900- эр.шек. 200 жж.) жазылғанҳәмде ведалардың сараланған бөлимине тийисли болып есапланады. Этимологиялық көз қарастан “упанишад” сөзи “жақын отырыў” мәнисин билдирип, бундай аталыўыныңсебеби упанишадлар әййемги ҳәкимлар тәрепинен дөңгелек формадаотырған өзоқыўшыларына айтылған философиялық ҳәмәдеп икрамлық тәлийматларынқамтыпалғанымен байланыслы.

## 4.2.Хинд динлериниң философиялық - әдеп икрамлық тийкарлары

**Сикҳизм.** Бул дин қудайды улығлаў ҳәмжақсы турмыстыңтийкарысыпатында худбинлықтан шетлесиўди нәсиятқылыўыарқалы жекеқудайлық белгилерин өзиндекөрсетеди.

[13] собрание священных текстов, составляющее основу каждого из четырёх сводов ведийского канона
[14] (in Hinduism) any of the lengthy commentaries on the Vedas, composed in Sanskrit c. 900–700 BC and containing expository material relating to Vedic sacrificial ritual
[15]each of a set of Hindu sacred treatises based on the Brahmanas, composed in Sanskrit c. 700 BC. Intended only for initiates, the Aranyakas contain mystical and philosophical material and explications of esoteric rites
[16] each of a series of Hindu sacred treatises written in Sanskrit c. 800–200 BC, expounding the Vedas in predominantly mystical and monistic terms

Сикҳизмгеэрамыздың 15 әсирде Панжабта Гуру Нанак тәрепинен тийкар салынған болып, бүгинги күндебул дин шама менен 20 млн. Тәрепдарларына ийе. Өздәўиринде, Нанак ҳәмоның төрт шәкирти инсанлардың мәртебеси дин якисоциаллық қатламға болапарықланыўын қаралап, қандай да бир исенимяки каста қатламыемес, бәлки қәлб тазалығыҳәмде ибадат тынышлығына ерискенде ғана Қудайалдында бендеабыройын көрсетиўши фактор екенлигин нәсият қылады.

Басқа динлар сыяқлы сикхизм деөзиниңмуқаддес китабынаийе. Оның муқаддескитабы – Адигрантх (“Басланғышкитап”) болып, бесинши*гуру*Аржун (1581-1606) тәрепинен дүзилген. Олсондай-ақ, Гурурантх (“Гуру китабы”) яки Грантхсаҳиб (“Соҳибнинг китабы”) атамаларыменендеаталады. Оған дәслепки бес*гурудың*, кейиналаболсабасқа*гурулардың*гимнлерикирген. Соның ишинде, Кабирдың, Намдевдиң, Фаридиддин Ганжишакардың (XV әсир) гимнлерименен бир қатарда бир неше Бхакти ҳәм суфийлик ҳәрекети ўәкиллеринин де гимнлери кирген. Ол панжаб тилиндежазылғанболып, ҳәзирги күнде Амритсардағы сикхлардың бас ибадатханасыесапланған “Алтын Ҳарам”да сақланадиы

**Жайнизм.** Ҳиндистандағы өзинетән диний дереклер, тарийх, терең философиялық традиция ҳәмдешама менен 10 млн. Тәрепдарына ийе диний философиялық тәлийматлардан бири. Наўқыран Ҳинд мәдениятының бир бөлимиесапланыўына қарамай, жайнизм тәлийматында веда дини традициялары, түрлитийислисыпатлама бериўшикитаплар (Упанишадлар) ҳәмоларда ушырайтуғын түрлиқудайлар абыройы бийкар қылынады. Керисинше, жайнизм барлық тири жанзатларға азаржеткизбеўшилик ҳаққындағы (аҳимса) исенимимененуллы Ҳинд цивилизациясынаүлкен тәсир көрсеткенлиги айтылады. Жайнизмда инсан қайта туўылыў силкиниўиненазатболыўыушын карма тәлийматына қатаң бойсыныўы талапқылынады. Киши карма искенжесинен нәпсин азат етиў мақсетинде таркидүньялықжолын тутыўыҳәм келешекте, әмел, сөз, пикир бойынша ҳәдден асыўға жол қоймаслығыкерекболады. Жайнийлик исенимине бола, инсан тәрепинен қылынған гүналар нәпсиге ерк бериў нәтийжеси болып есапланады. Соннан келипшығып, жайнизмде “Қудай” яки “ярымадам Қудай” түсиниги бар болмай, бәлкиҳәр бир шахс өз нәпсисин карма қуллығынан азат қылыўарқалы жоқарылылық, жетисженлилик мәртебесинеерисиўимүмкин, деп исендириледи.

Жайнизм дини ўәкиллериниң исеним қылыўынша, бул тәлийматқа 24 *тиртхакар* (пайғамбар якиәўлие) тийкар салған. Олардыңҳәммеси*кшатрийлар* шаңарағынан болған. Усы*тиртхакар*лардың 22 ҳаққындамағлыўмат дерликжоқ, 23-си – Вардхамана Махавира (э.а. 599-527)дан 250 жыл дәслеп жасаған Паршванадха – Банорас патшасы Ашвасанныңбаласыболған. Бирақ руханыйлық жолын таңлап, атасының сарайын тәрк еткен. Олөзинен кейин жүдәшырайлы нызамға салынған диний көрсетпелер қалдырған. Вардхамананыңата-анасы, шаңарақ азғалары Паршванадханың дининде болған. Вардхаманада жаслығынан жайнизм тәлийматына күшли қызығыўпайдаболған. Сондай қылып,

Вардхамананыңөзи жайнизмниң нәўбеттеги ҳәм соңғы*тиртхакари*болыпжетискен.

Жайнизмниңтийкарғы қәде-принциплерин өзишинеалған 45 шығармабарболып, олар Махавира тәрепинен питилген. Бироқ, эр. алд. III әсирәтирапында Аўызекитекстлердикитапжағдайына келтириў мақсетинде қылынған ҳәрекетлер ақыбетинде жайнизм екиағым – *шветамбарлар*яки*светамбарлар* («ақ кийим кийгенлер») ҳәм*дигамбарлар* («аспан көк кийим кийгенлер»)ге бөлинип кеткен. *Дигамбарлар* жайнизмниңҳақыйқый жағдайын сақлап қалыўға көбирек әҳмийет берген. Олар Ришабханыңәййемгинызамын жойтылған депесплап, *шветамбарлар*дағытекстлердиҳақыйқыйемесдепдағаза қылған. Жайнизмниңекиағымғаа бөлиниўи ҳәрекиағымның өзинетәнүрп-әдетлери, кийиниўи ҳәмбасқатурмыслық өзгешеликлериниң пайда болыўынаи себеп болди. Себеби, олартийкарғы диний қәделерде өзарапарықланбайды.

Жайн муқаддес диний текстлери Маҳавира ўазларыменен басланып, олар Махавираның шәкиртлери тәрепинен әййемги пракрит тилиндежазыпалынған. Кейиналаоның ҳақыйқый нусқасыжойтылып, муқаддестекстлердин сақланып қалған бөлимлеринен пайдаланып, тийкарғы диний деректи пракрит ҳәм санскрит тиллеринде қайта тиклеўге мәжбүр болған.

Шветамбар жайнистлери қолындағы диний дерек 12 тийкарғы бөлим (анга) ҳәм 34 қосымшатекстлер (ангабахя)дан ибарат. Биринши бөлим Асарангасутра болып, ол руҳаный еркек ҳәмҳаялушынбелгиленген қәделерҳәмде Махавира өмир жолын сыпатлаўшы биографиянықамтыпалады. Екинши бөлим Сутракритангада болса жайнизм исеними ҳиндуийлик ҳәм буддавийлик тәлийматларыменен салыстырылып түсиндирилипберилген. Жоқарыдааитылғанқылынған 34 қосымшатекстлерарасында еңбелгили саналған Уттарадҳяна Сутрада болса Махавиранынең соңғыўазыдеп исенилиўши исенимлерҳәм диалоглар баянқылынады.

## 4.3. Буддизм диний тәлийматы ҳаққында.

**Буддизм.** Буддизм әййемги ҳинд диний-философиялық тәлийматлары тийкарында жүзеге келген, өзине тән теориядан ҳәм әмелияттан ибарат болған диний система. Будда жаңа диний нызам-қәделер, дәстүрлер ислеп шықпаған, бәлки ҳәр бир инсан туўылыў ҳәм өлим машаққатларынан қутылыўы ушын әмел қылыўы лазым болған бир неше көрсетпелерди ислеп шықты. Оның тәлийматы инсанның қыялында, ислеринде ҳәм өзин тутыўдажоқары адамгершилик идеясын алға сүреди. Ол ведалардағы гүнасызлық тәлийматын бийкар қылды, ҳайўанларды аямастан қурбан қылыўды қаралады, *варна* (каста) дүзимин ҳәм ондағы руҳаныйлардың басқалардан үстинлигин бийкар қылды.

Будда «Жаратыўшы Жоқары күш» тиң барлығына гүман ҳәм исенимсизлик билдирген. Оның пикиринше, ең әҳмийетлиси инсанның жеке

кәмиллиги ҳәм жақсы турмыс тәризи болып есапланады.

Будда тәлийматының тийкарында «өмир – бул азап, уқыбет» ҳәм «қутылыў жолы бар» деген идеялар жатады. Буддизм тәлийматына бола, инсан өзине тән тир жан болып туўылады, өзин өзи қурбан қылады яки қутқарады. Бул идеялар Будданың дәслепки шақырығында сүўретленген төрт ҳақыйқатта өз көринисин тапқан.

Буддизм тәлийматы бир қатар китаплар формасына келтирилген топламларда баян қылынған. Олардан ең тийкарғысы Трипитака (яки Типитака – «үш себет» мәнисин аңлатады). Ол үш бөлимнен ибарат болғанлығы ушын сондай ат пенен аталған. Бул деректиң қолжазба нусқасы Шри Ланкада сақланып қалған. Олэрамыздың басларында китап формасына келтирилген. Олар – Будда нәсиятының ҳақықый баяны есапланған *сутра*текстлери – Сутра-питака, руханыйлардыңәдеп икрамлылығы, ханақаҳлар нызамларына бағишланған *виная*текстлери – Виная-питака, буддизмниң философиялық ҳәм психологиялық машқалаларын баян қылып бериўге бағышланған *абхидхарма*текстлери – Абхидхарма-питакадан ибарат.

## 4.4. Конфуцийлик ҳәм даосизм.

**Конфуцийлик.** Конфуцийликте дәслепки жүзеге келген дәўиринен баслапәдеп икрамлық мәселеси биринши орынға қойылып, диний исеним екинши дәрежели саналған. Диний мәселелер, яғный догмаларға конфуцийлик бир қанша суўық қатнасықта болып, базы орынларда оларды бийкар қылады. Конфуций өз ўақтында Әййемги Қытайда кең тарқалған руҳларға исеним қылыў мәселесине гүман билдирип, ғайрытәбийғый нәрселер ҳәм руҳлар ҳаққында айтыўды жақтырмаған. Оннан Даосист ибадаты, сыйқыршылықты әмелге асырыў талап қылынғанында: “Мениңөмирим, ибадатым болып есапланады”, деп жуўап берген.

Бул дин ўәкиллеари жәннет-дозақ, қайта тирилиў сыяқлы ғайрытәбийғый нәрселерге исенбейди. Олардың бар итибарлары дүнья өмирин реформалаўға қаратылған. Руҳлардың денеден шыққанынан кейин қай жерге барыўға қызығып та көрмейди. Ҳәтте шәкиртлеринен бири Конфуцийдан: “Өлим не?” – деп сорағанларында, ол: “Биз тирилик неекенлигин билмеймиз, өлим неекенлигин қай жерден де билер едик”, деп жуўап берген.

Лекин олар өлимге исенеди, егер гүна ҳәм жаман ислер көбейип кетсе, Аспанның буған салыстырма жазасыжер силкиниў ҳәм вулқан сыяқлы формаларда болыўына исеним қылады. Сондай-ақ, олардыңисениминде жаза ҳәм сыйлық, усы дүньяның өзинде ақ болады. Бундан тысқары, бул дин тәлийматларынан бири мәмлекет басшылары әспан балалары болып, олар әдалаттан узақласып зулымға жол қойса, аспан оларды бул истен шетлететуғын ҳәм басқарыўды қолға алатугынәдил адамларды баслық қылып қояды.

Бул динниң муқаддес текстлерин қураўшы еки диний-әдебий коллекция (топлам) бар. Булар “Бес Классика” (Wou King) ҳәм “Төрт Китап” (Se Chou) деп аталыўшы китаплар. Бирақ, бул китаплардың барлыгы диний болмай, олардың ишинде дингебайланысы болмаған китаплар да ушырайды. Бес китап (Wou King) төмендеги китаплардан ибарат:

1. “И-Цзин” (Yi King - өзгерислер китабы, сыйқырлық ҳәм дуалар топламы);
2. “Шу-Цзин” (Shu King - әййемги тарийх, әпсанаўий императорлар тарийхы, тарийхый мағлыўматлар);
3. “Ши-Цзин” (Shi King - қосық айтыў китабы, әййемги поэзия топламы, 305 түрли қосықлар);
4. “Ли-Цзин” (Li King - мәресимлер ҳәм үрп-әдетлер менен байланыслы еслеўлер китабы, (әдеп икрамлық);
5. “Чун-Цю” (Kun Kiyu - бәҳар ҳәм гүзбенен байланыслы күнбе-күн жазылған, эр. алд. 722-481 жыллар арасындағы тарийхый ўақыя-ҳәдийселерди өз ишине алыўшы китап).

Төрт китап (Se Chou) – XI-әсирде Сунг (Sung) династиясы дәўиринде бир жерге жәмленген. Бул топлам, басқарыўшы ҳүкимран қатламның жетистирилиўи ушын әҳмийетли фактор болып хызмет қылған. Басқарыўшылар, искеалыныўларынан алдын бул китаплардан имтиҳан тапсырыўлары шәрт қылынған. Олар томендегилер:

1. “Лун-юй” (Lun Yu) – Конфуцийдиң баянатлары,
2. “Мэн-цзи” (Mong-tse)– Конфуцийдың ең әййемги шәкиртлеринен бири Мэн-Цзининг сөзлери,
3. “Чжун-юн” (Tchong Yong) – Орта жол тәлийматы китабы,
4. “Да-Сюе” (Ta-Hio) - Уллы тәлиймат, инсанның өзин-өзи жетилистириў китабы

**Даосизм.** Даосизм дининиң тийкарғы мазмунларының бири бул дао ҳәм ол менен байланыслы тәбият философиясы ҳәмде космогония мәселеси болып есапланады. Екинши тийкарғы точка өмир сүриўшилик, барлық, өмир ҳәм өлимниң салыстырмалылығы ҳәм соған байланыслы жағдайда узақ жасаў, мәңги турмысқа ерисиў түсиниги болып есапланады.

Даосизм тәлийматының тийкарғы дереги “Даодецзин” китапшасы болып, ол Конфуцийдан бироз алдынырақ жасаған Лао-Цзиға салыстырма бериледи. Бул китап криптик (ҳәриплер бир-бирине жабысып, оқыўға қурамалылық туўдыратуғын) усылда жазылған. Даосизмниң екинши дереги “Чуанг-дзу” (Chuang-tzu)да болса эрамыздан алдыңғы 4-асирге тийисли ҳәдийселердиң философиялық талқылаўлары орын алып, бунда, дәслепки даолық қараслары мазмуны түрли нәкыл мақаллар ҳәм ҳикаялар арқалы баян қылынған. Сондай-ақ, даосизмде көплеген мистикалық раўаятлар ҳәм ритуаллар сүўретленген ири диний текстлер топламы бар болып, онда диндарлар тәрепинен гүналардан азат болыў ушын дәлдалшы яки жәрдемши сыпатында көрилетуғынқудайлар пантеонига айрықшаитибар берилген.

**Синтоизм.** Япон халқына тән диний филосфоиялық тәлиймат болып, VI-VII әсирлерде қәлиплескен. “Синто” сөзи “Қудай жолы” мәнисин билдирип,

бул дин тәлийматы тийкарын император ҳәкимиятының илаҳийлығы ҳаққындағы догма қурайды.

Синтоийликте де конфуцийликта болғаны сыяқлы ата бабалардың шаңарақ урыўына ҳүрмет көрсетиў үлкен роль ойнайды. Диний тәлийматқа бола, өлген ҳәр бир адам **ками** (барлық  руҳ ҳәм қудайлардың улыўма аты) ға айланады. Ҳәр бир япон адамының үйинде шаңарақлық сыйыныў орны меҳраб болып, ондағы кишкене шкафқаөлгеншаңарақ ағзаларыныңатлары жазылған тахташа қойып барылады.

Синтоийлықта арнаўлы мукаддас китап бар болмаса-да, бирақ Япония мәмлекети тийкаршысы деп қаралыўшы "ками" ҳәмде императорлар династиясы ҳаққында гүрриң қылыўшы түрли әпсана ҳәм раўаятларды өз ишине алған мифологиялық жылнамалар - "Кодзики" ҳәм "Ниҳон шоки" диндарлар арасында жоқары ҳүрметке ийе. Сондай-ақ, гүналардан пәклениўҳәм ибадат ойынларын орынлаў тәртиплерине бағышланған "Энгишики" ҳәм "Кагура-ута", дидактикалық мазмундағы "Әлем ҳаққындағы жүз дастан" ҳәмде перзентти әдеп икрамлы тәрбиялаў бойынша пайдаланылатуғын "Исе тас битиклери" синтоийлықтың муқаддес диний текстлери топламын қурайды.

## Қадағалаў сораўлары:

1. Ҳинд динлериҳаққында нелердибилесиз?
2. Жайнизм тәлийматының мәнисинелерденибарат?
3. Буддизм тәлийматының диинй тийкарлары нелерден ибарат?
4. Конфуцийлик ҳәм даосизм ҳаққында нелерди билесиз?

## Әдебиятлар дизими:


1. Токарев С.А. Религия в истории народов мира. 4-е изд., испр. и доп. М., 1986.
2. Тайлор Э. Первобытная культура. М., 1989.
3. Религиозные традиции мира. Буддизм, иудаизм, христианство, ислам. Справочник школьника. Бишкек, 1997.
4. Радугин А.А. Введение в религиоведение: теория, история и современные религии. М., 1996; 2-е издание, исправленное и дополненное. М., 1999.
5. Основы религиоведения. Под редакцией И.Н.Яблокова. М., 1994. Издание второе, переработанное и дополненное. М., 1998.
6. Лекции по истории религии. Учебное пособие. Санкт-Петербург, 1997.
7. Лекции по религиоведению. Под редакцией профессора И.Н.Яблокова. М., 1998.
8. Абдусамедов А.И. Диншунослик асослари. Т., Ўзбекистон, 1995.

9. Ислам на территории бывшей Российской империи. Энциклопедический словарь. Под редакцией С.М.Прозорова. Выпуски 1-3. М., 1998-2001.
10. Мўминов А.Қ. Диншунослик асосларини ўқитиш ва ўрганишнинг ягона концепцияси. Т., Тошкент давлат шарқшунослик институти, 1999.
11. Исҳоқов М.М. Халқ даҳосининг қадимги илдизлари ва илк куртаклари (Зардуштийлик, Зардушт ва Авесто ҳақида) // «Тил ва адабиёт таълими» журнали, № 2 (1992), Б. 3-12.
12. Ҳасанов А.А. «Қадимги Арабистон ва илк ислом, жоҳилия асри». «Тошкент ислом университети», 2001 йил.
13. «Ислом зиёси ўзбегим сиймосида». «Тошкент ислом университети» нашриёти, 2001й.
14. Йўлдошхўжаев Ҳ., Раҳимжонов Д., Комилов М. Диншунослик: маърузалар матни. Т.: 2000й.
15. Қуръони карим.-Т.: «Чўлпон», 1993 йил.
16. Ҳуснидддинов З.М. «Ислом: йўналишлар, оқимлар, мазҳаблар». «Ўзбекистон миллий энциклопедияси» давлат илмий нашриёти. Тошкент, 2000 йил.

## 5-ТЕМА: ИСЛАМ ДИНИ ДЕРЕКЛЕРИ

***РЕЖЕ:***

**5.1.Қуран ҳәм оның пайда болыўы.**
**5.2.Қуран сүрелериниң топланыўы.**
**5.3.Қуранның дүзилиси ҳәм аўдармалары**

**Таяныш түсиниклер**:Қуран, суре, аят, мусхаф, кират, хадис, заиф, вахий

Қуран сөзи арапша, «қырәәтке салыў» сөзинен алынған болып, «Оқыў» мәнисин аңлатады. Көп динлерде олар пайда болған болғандәуир дәуир түсинигине сай рәуиште буларды жазыў яки «жазыўлар» (мәселен:христиан дининде «писание» яки «священное писание») деп атаў әдет болған. Буған усаған атлар исламда да Қуранға сай кең колланылған. Мәселен, «Каломи Аллох» (Алла сөзи), «Каломи аш – шариф» (мукаддес сөз) «Мусхар аш-

шариф» (муқаддес жазыў х.т.б.)

Қуран сүрелери топланып, төрт нусқада көширилген ҳәм топлам формасында келтирилгеннен кейин ол («Ал-китоб») жазыў деп аталған болса да онын ең әййемги аты «Қуран» («оқыў») тийкарғы атама сыпатында сақланып қалған. Буның себеби сонда, Қуран текстлери аўыз еки дөретиўшиликтиң жемиси. Бурынлары араблар ортасында жазба дөретиў дәстүри дерлик болмағанлығы, жазыў кең жайылмағанлығы себепли шығармалар ядта сақланып, аўыздан аўызга көшип, әуладтан әуладқа өткен. Қуран текстлери топланғаннан кейинде өзиниңаўызеки дөретпеси фольклорлық кәсийетлерин сақлап қала берген.

Дүньядағы уллы уламалардың пикирине қарағандаҚуран жәҳән мәдениятының раўажланыўына үлкен үлес қосқан.Қуранҳәм оған тийкарланған ислам бүгинги дүнья руухый мәдениятының әҳмийетли бир бөлегин қурайды. Булөзге динлер, муқаддес жазыўлар ҳәм догмаларды бийкар етиў деген сөз емес. Мәселен: Авесто, Таурат, Инжил. Забур Қураннан бурын жиберилген иләҳий жазыўлар деп есапланады. Бирақ диний көз қарастан ислам өзинен бурынғы динлерден парққылып, бәрше динлерден соң пайда болған ақырғы дин есапланып, ол алдынғы динлерди, олардың пайғамбарларын инкар етпеген. Керисинше, Қуранда ислам бурынғы динлердиң даўамшысы, Муҳаммед пайғамбар болса, бурын өткен пайғамбарлардың сапларын жуўмақлаўшы ҳәм ақырына жеткизиўши деп көрсетилген.

Қуранда бурын өткен халықлар ҳаққындағы қыссалар, тарийх, география, астрономия, тәбият ҳәм басқа пәнлерге тийисли идеялар көп ушырасады. Қуран хидоят китабы яғный инсанларды туўры жолға баслаўшы китап деп есапланады.

Ондағы мағлыўматлар VII әсирдеги араплар турмысы ҳаққында мағлыўмат бериуши дереклер деп тән алынған. Мусылманлар қатарына киретуғын бәрше халықларға тән философия, әдебият, тарийх, география ҳәм басқа билимлер де Қуран менен байланыслы. Ибн Сино, Фарабий, Беруний, ал Хоразмий ҳәм басқалардың бай илимий мийрасларында да Қуран аятларынан кең пайдаланылған. Шайырларымыз Яссауийден баслап, Жэмий, Наўайы, Бабур, Машраб, Суфи Оллаярға ҳ.т.б. Қуранның үлкен тәсири болған. Уллы уламалар Замахшарий, Розий, Абул Баракот, Исмоил Бухарий, Хэким Термизи Қуранды уллылаған.

Қуран исламның муқаддес китабы сыпатында мәлим уламалар оны: «Алланың кәраматлар каламы болып, Муҳаммедке вахий арқалы түскен, Тиловати ибадат есапланыўшы китап» деп тәрийплейди.

Рәуиятларға қарағанда онын мазмуны Муҳаммедке бөлек бөлек тәризде вахий (саза) етип берилген; бул вахийдиң биринши баяны «Лайлатул кәдир» түни басланып, ол оның өлгенине шекем, яғный 22 жыл даўам еткен деп есапланады. Кейин ала исламда муқаддеслестирилген әне усы түн, диний дәстүр бойынша ҳижрийдан 12 жыл бурын рамазан айының 24 күнине өтер түнде, (эрамыздың) 610 жылдың 31 июлинен 1 августына өтер түн

есапланады. Қуранды вахий қылыўдың басланыўы туўралы мағлыўмат онын 97 «ал – қадир» сүресинде баянланған.

«Әлбетте биз оны (Қуранды) кәдир түнинде хабарладық. ( Ә Муҳаммед ) кәдир туни не екенлигин сиз қәйерден билер едиңиз. Қәдир кешеси (түни) мың айдан жақсырақтур» (97, 1 – 3).

Вахийдин басланыўы ҳаққындағы диний раўиятларда соның ишинде Ибн Исхах ибн Хишомның «Сиратур – расул - Аллох» ( Алла елшисиниң өмир жолы) шығармасында жазыўына қарағанда Муҳаммедтиң Меккеге жақын жердеги Хиро таўындағы үңгирге барып түнеп қалыў ҳәм ибадат қылыў әдети болған. Бир күни кеште ол түсинде аспаннан келген «Оқы» деген даўысты еситкен. Ол «Мен оқыўды билмеймен» деп жуўап берген; және «Оқы» деген даўыс ҳәм тәкрарый қыйнаўлардан соң периште Жәбирайыл оралған қағазды ашып турған ҳәм Муҳаммед  сол сүрелерди оқыған.

Ислам дәстүри бойынша әне усы түн, биринши саза келген түн деп есапланады. «Ал-алак»,(«Лахта хан») атлы 96 сүрениң дәслепки бес аяты есапланады. Диний рәўиятларға қарағанда Қуран мазмуны Алладан вахий сыпатында Муҳаммедке аян болған; ол Алла сөзлерин ядлап алған, соң жазып алынып кейин Қуран формасында топламға айландырылған. Сол себепли исламда Қуран мазмуны тек те Алланың сөзлеринен ибарат, бунда Муҳаммедтиң өз сөзлери пүткиллей жоқ деп муқаддеслестирилген. Муҳаммед  тек те Алланың сөзлерин инсанларға жеткизип бериўши елши деп есапланған.

Муҳаммед кайтыс болғанда оның шәкиртлери Қуранды яд билген. Сол уақытларда аз санлы мусылманлар жаза алады екен. Сауатлы мусылманлар жазыў имканы болған нәрселерге Қуран аятларын анык етип жазып жүрген.

Рәуаятларға бола Муҳаммед  Аллаға исениў ҳәм мусылманлықты қабыл етиў туўралы тәлиймат баслағанда бир топар меккелилер онын кейнине ерген, лекин көпшилик оның тәлийматына қарсы шыққан. Қуранда бул талийматқа қарсы шыққанларды «Мушрик» яғный бийкарлаўшы исеним билдириўшилер деп атайды.

Демек ислам дини дәстүри бойынша Муҳаммед  ақырғы пайғамбар Алланың елшиси; Қуран мазмуны Алланың сөзлеринен ибарат, буған исениў болса динниң тийкарғы талапларынан бири болған деген идеялар исламның тийкарғы ақидаларынан есапланады.

Ислам изертлеўшилери Қуранның пайда болыўы ҳәм бунда Муҳаммедтиң роли туўралы, Қуран, ҳәдислер ҳәм басқа да диний жазыўларды тексерип, олардың пайғамбар өлиминен бираз кейин пайда бола баслағанлығын, онда ҳақыйқатлыққа қылап пикирлер барлығын да анықлаған Муҳаммедтиң өлгеннен кейин бир неше әсирлер даўамында топлаған хәдислер өз-ара гүрес алып барған диний ҳәм сиясий топарлар мәпин өзинде сәўлелендирген. Хәр бир топар өз мәпи жолында хызмет ететуғын мазмундағы хәдисти ойлап шығарып, оны Муҳаммедтиң сөзи ямаса ҳүкми деп исенидириўге урынған. Нәтийжеде бир бирине қарама қарсы келетуғын бир неше жүз мың хәдис жүзеге келген. Лекин Европа шығыс

изертлеўшилери арасында ислам тəлийматына жүдə критикалық жақынласыў ҳəм оларға исенбеўшилик пенен қараў кең жайылған еди.

Белгили шығыс изертлеўшиси Б.Э.Бертельстиң тастыйықлаўынша жаңа хəдислерди ойлап табыў ҳеш қандай гүна деп есапланбаған. Жүзлеп хəдислерди шығарғанларын айтып мақтанып жүрген кисилер де болған.

Ҳақыйқый деп есапланған ҳəдислердиң муғдары туўралы ен атақлы илоҳиятшылар ортасында да жалғыз бир пикир болмаған. Мəселен, Абу Ханифа ҳақыйқй хəдислер тек те 17, Малик ибн Анес – 300, ал-Бухарий – 9200 десе, ибн Ханбал – 50000 деп есаплаған.

Ислам дəстүринде ен абырайлы есапланған хəдислер топламын дүзген ал – Бухарий, Муҳаммедтиң сөзлери ҳəм ҳикметлери деп есаплаған рəўиятлардан 600 мыңға жақынын топлап, олардан текте 7250 ҳəдисти – «сахих» яғный исенимли деп тапқан ҳəм өз топламына киргизген. Сол себепли ал-Бухарий ҳəм оннан кейин хəдислер топламы менен шуғылланған ан – Найсобурий ( 822 – 875) өз топламларын «ас-Сахих» деп атаған.

Белгили арап иззертлеўи менен шуғылланған алым, академик И.Ю.Крачковский Ленинград мəмлекетлик университетиниң шығыс факультетинде Қуран бойынша 1949 жылы оқыған лекция материалында бундай деп жазған: «Биз Қуранға Муҳаммедтиң инсан сыпатында қылған əдебий дөретиўшилигиниң туўындысы (жемиси) белгили жағдайларда ҳəм шəраятларда жүзеге келген шығарма сыпатында қараймыз. Айырым детальларды гəп етип отырмағанда, бул естеликтиң пайда болыўында Муҳаммедтиң роли ҳаққында пəнде гуман жоқ. Улыўма жуўмак. Муҳаммед кейин ала рəўиятлар менен қапланған, 622 жылы Мəдинаға көшип келгеннен бурын өмири жүдə аз мəлим болған шахс еди. Ол гүман жок, эрамыздың VI əсириниң акыры VII əсириниң басында жасаған; санасы да гумансыз, Қуран тийкарынан 610 ҳəм 632 жыллар ортасында аўыз еки формада дуньяга келген шығарма”.

Биз бул жерде текте академиктиң сөзлерин келтириў менен шеклендик. Лекин көпшилик шығыс изертлеўшилери соның ишинде И.Ю.Якубовский, Н.В.Пигулевская, И.П.Петрушевский, Е.Э.Бертельс те сондай ямаса усыған уқсас пикирде турған.

Исламды изертлеў тараўында алып барылған илимий изертлеўлердиң хəзирги күнге шекем мəлим болған шешимлерине тийкарланған тəғдирде Муҳаммед  өз дəўириниң сиясий ҳəм идеялық шəрт шəраятларын жақсы түсинген, сиясий, диний идеялык гуреслерде мəлим роль ойнаған, мəмлекетлик жəмийетлик ғайраткерлердиң бири.

Исламтаныў бойынша изертленген илимий жумыслар соннан далолат береди, Муҳаммед  өлмесинен бурын ислам аўыз еки тарқатылған дəўирде оның ири диний ақида (догма) мəресими талап ҳəм тастыйықлаўлары диний система сыпатында қəлиплесиўи де аббасийлер ҳалифалығы дəўиринде тамамланған.

Қуран текстлериниң топланыўы, тарқатылып шығарылыўы ҳəм Мукаддес жазыў сыпатында танылыўы Муҳаммед  өлгеннен кейин 20-25 жыл даўамында дəслепки ҳалифалар Абу Бакр, Умар, Усман дəўирлеринде

әмелге асырылған.

Муҳаммед  сүрелерди ядтан оқыған, сол ўақытта мусылманларда оны яд алған. Басқа халықлардағы сыяқлы араплар ортасында да фольклорға тән қосықлар, рәўиятлар текте ядлаў ҳәм аўыздан аўызға өтиў жолы менен әўладтан әўладқа өтип сақланған. Тек те айырым саўатлы адамларғана гейпара сүрелерди пергамент (тери), ағаш тақтайларға,сүйеклерге жазып алған. Сүрелерди ядлап алған мусылманлар бираз болған.

Абу Бакр ҳүкимдарлық еткен дәўирде барлық сүрелерди толық ядтан билетуғын 7 адам ғана қалған еди. Муҳаммед  өмириниң ақырларында 5 жыл даўамында оған кәтиплик еткен.

Заид ибн Собит бир ғана сүренин ақырын билмеген, қалған бәрше сүрелерди яд билген. Көпшилик мусылманлар айырым сүре яки үзиндилерди ғана яд билген. Нәтийжеде бир неше жыллардан кейин сүрелерди яд билетуғын адамлар қалмайтуғынлығы ҳәм Қуран текстин тиклеў мүмкин болмай қалатуғын кәўип пайда болған.

Усыны есапка алып, Абу Бакр ең жақын шәкирти Омар мәсләҳәти менен 663 жылда Қуран сүрелерин топлап, жазып қалдырыўды қарар еткен ҳәм бул ўазыйпаны орынлаўды Зайдқа тапсырған.

Рәўиятларға қарағанда бул жумыс мешитте жургизилген, саҳабалардың хәр бири өзи билген сүрелерди оқыған, Заид оны жазып барған. Хәр бир сүре, узинди яки аятлар бөлимин дәслеп бир киси оқып, соң екинши адам оқығанда анық сай келсе, сонда ғана жазып алынған. Бул топлам дәслеп Сухиф (саҳифалар) деп ат алған. Ол айрықша пергамент бетлерге жазылған болыўы керек. Лекин ол нусқа сақланып қалмаған. Ол ҳаққындағы мағлыўматларды биз текте айырым дереклерден ғана билемиз.

Қуранның ҳәзирги нусқасындағы 114 сүре менен салыстырылып көрилсе Сухуфта ҳәммеси 109 сүре болғанлығы, 1, 34, 41, 45, 96 сүрелердиң болмағанлығы анықланды. Соның өзинен аныкланды, Сухуф тексти толық болмаған.

Арадан 17-18 жыл өткеннен соң бурыннан өз ықтыяры менен сүрелерди жазып жүрген ҳәм айрықша топлам етип алған айырым адамлар қолындағы нусқаларды ҳалифалықтың айырым шәҳәрлеринде оқыў ҳәм ибадатларда олардың пайдаланыў кеңейип барған сайын әне усы нусқалар арасындағы кемислик сезилип турған. Иләҳий жазыўда келешекте жүз бериўи мүмкин болған хәр түрлиликтиң алдын алыў мақсетинде Усман барлық дастхатларды топлап, тәртипке салып шығыў ҳәм олар тийкарында болажақ Қуранның жеке нусқасын таярлаўға буйрық берген ҳәм өзи бул иске басшылық еткен.

Мағлыўматларға қарағанда Муҳаммедтиң жақын саҳабаларынан Убай ибн Кеъб (өлген жылы 643) ибн Маъсуд (өлген 650) ҳәм басқалардың арнаўлы топламлары болған. Олар Дамашк, Кура, Басра,Хомас қалаларында әмелде қолланған.

Усман ҳәмирин орынлаў ушын төрт адамнан топар дүзилген. Оған Заид басшылық еткен, оның қурамына Қуранды жақсы билген саҳаблардан аз-Зубайр, ал-ос ибн Хишом киритилген. Олар бәрше нусқалар ҳәм табылған сүрелерди қайта тиклеп, тексериў тийкарында жеке бир нусқаны таярлаған.

Бурынғы нусқалардың барлығын жоғалтқан. Жаңадан дастхат етилген бирден бир нусқа тарийхта “Халифа Усман мусхафи” деп ат алған.

Лекин бәри бир айырым нусқалардың буннан кейин де сақланып қалғанлығы мәлим болды. Мәселен, белгили австриялық араб таныў алымы Адам Мен өзиниң “Мусулманский ренесанс” китабында орта араб тарийхшысы ал-Жавзийге тийкарланып бир ўақыяны келтиреди; 1008 жылда рәсмий Мусхафтан парық қылатуғын ҳәм Ибн Масьудтың қол жазба нусқасы деген ат астында және бир Қуран дастхаты пайда болған, қазылар хүким менен бул нусқаны жаққан.

Сол күни күн батарда дастхаттың ийеси пайда болып, оны жағып жибергенин билгеннен кейин бул исти қылғанларды нәлетлеген. Буған жуўап ретинде онын өзи де өлимге хүким етилген. XI әсир басында жүз берген әне сол ўакыядан кейин рәсмий Мусхафтан парық қылатуғын Қуран нусқасының табылғаны ҳаққында бирде бир мағлыўмат ушыраспайды.

Усман буйрығы менен жазылған Мусхаф Мадина қаласында сақланған. 1964 жылда ол жерде басып шығарылған Мадина қаласындағы ислам естеликлери ҳаққындағы китапта, бир неше әсирлер даўамында Мусхаф Мадинадағы Муҳаммед  мешитинде сақланғанлығы, кейин ала ислам мәмлекетлери хүкимдарлары тәрепинен мешитке жақын жерде әне усы Қуранды ҳәм Муҳаммедтен қалған муқаддес естеликлерди сақлаў ушын арнаўлы қурылған жайда сақланып атырғаны баян етилген.

Мусхаф қолжазбасы таяр болғаннен кейин тез арада Усман буйрығы менен оннан 2 нусқа (базы мағлыўматлар бойынша 4 нусқа) қолжазба, буға терисине куфи әлипбесинде көширилген ҳәм оқыўда ҳәм де ибадатта бәрше жерлерде Қуранның бирден бир текстинен пайдаланыўды әмелге киритиў мақсетинде бул нусқалар Куфа, Басра, Дамашқ ҳәм басқа қалаларға жиберилген.

Хәзирги күнде Ислам әлеминде 4 әййемги мусхаф нусқаларының барлығы мәлим. Олардын бири Мадинада сақланып атырған ҳасыл нусқа болып, ислам дереклеринде ол «Имом» аты менен тилге алынады.

Екинши нусқа Каьбада, үшинши нусқа Каирдағы Мысыр миллий китапханасында сақланбақта. Төртинши нусқа Ташкентте Өзбекстан халықлары тарийхый музейинде сақланып, 1989 жыл басларында Маўараннахр мусылманлары диний басқармасына тапсырылған.

Мусхафтың бул нусқасының қалайынша Орайлық Азияға келип қалғанлығы ҳаққында ҳәр түрли тарийхый мағлыўматлар ҳәм раўаятлар бар. Олар илимий әдебияттада тилге алынған. Оларда мусхафтың 1865 жылы Самаркандтан Санкт-Петербургқа алып кетилгени, 1920 жылда мусылманларға қайтып берилгенлиги, 1923 жылда Ташкентке алып келингенлиги айтылған.

Биз бул мәселеге арнаўлы тоқтап отырмаймыз. Тек соны айтып өтиў керек, бул Мусхафтың Орайлық Азияға келип қалыўы менен байланыслы болған мағлыўматлар негизинде тарийхый жақтан тийкарлырағы хәм исенимлиреги Сахыпқыран Әмир Темурдын Ирактан Самаркандқа Қуранның әййемги бир нусқасын жөнеткени ҳаққындағы мағлыўмат деп есаплаў

мүмкин.

Мусхаф кейин ала мусылман әлеминде тарқалған ҳәм мыңлап қайтадан басып шығарылған Қуранның ҳасыл нусқасы есапланады. Қуран қайжерде басып шығарылмасын, онын биринши бетинде Усман мусхафи текстине муўапық екенлиги жазып қойылған болады.

Қуран сүрелериниң топланыўы ҳәм дастхат етилиўи бурынғы ислам дереклеринде баян етилген ҳәм ислам ең кең тарқалған жөнелис суннийликте айтылған.

Лекин исламдағы екинши ағым – шиалар дәстуринде Қуран сүрелерин топлаў менен шуғылланған Абу Бакр, Умар ҳәм Усман өз мәплерин гөзлеп, онын айырым бөлимлерин жоқ еттирген, текстлерине өзгерислер киргизген деп айыпланады. Буннан тысқары ол оларға «Суратан – нурайн» (еки нур) деп аталған сүрени Қуранға киргизбей, қастан түсирип қалдырған деп айып қояды. Бул сүрени француз алымы де-Тасси ҳәм белгили шығыстаныўшы Козимбек басып шығарған.

Сүрениң тийкарғы идеясы сонда шиаларда биринши имам есапланған Халифа Али Муҳаммед  пенен барабар дәрежеге қойылған. Козимбектиң пикиринше бул сүре шиалар менен суннийлер ажыралғаннан кейин Қуран усылына уқсатып жазылан кәлбеки сүреден ибарат. Бул сүре орта әсирдеги айырым шиа илахиятшыларының китапларында биринен бирине көшип жүрген, лекин ҳеш қашан шиалар бул сүрени басқа Қуран текстлерине рәсмий киргизген емес. Г де - Тасси бул сүрени шиа авторларынан Мухсиний Фоний жазған «Дебистони мазохаб (мазхаблар мектеби) атлы китабынан таўып алып басып шығарған.

Айырым ислам таныўшылар Қуран және де кең басып шығарылған, онын басылыўы кейинги әсирлердеде даўам еткен деп есаплайды. Мәселен, Л.И.Климович өз китапларында Қуранды VIII –IX әсирлерде де басып шығарыў даўам еткен деген пикирди көп тәкирарлаған. Лекин практикада бундай пикирлер пүткиллей тийкарсыз. Себеби Усман мусхафи дастхат етилгеннен кейин әмелде ҳеш қандай шахс Қуранды баса алмаған диний дәстур буған пүткиллей жол қойыўы мүмкин емес еди.

Айырым дереклерде Қуранның ақырғы басылымы Уммавийлер топарынан болған Халифа Абд ал Малик хүкимлик еткен дәўирде (685 – 705) әмелге асырылған деген пикир де ушырайды. Лекин ҳаслында бул басылым емес еди. Бул дәуирде Ирак хәкими болған ал-Хожжак Қуран текстиниң оқылыўындағы қыйыншылықларды болдырмаў мақсетинде ноқатлар ҳәм белгилер қойып шығыўды буйырған. Демек бул тек үнли ҳәрип белгилерин қойыў менен байланыслы жумыс болған ҳәм бул ўақытта Қуран текстине өзгерислер киргизиў мүмкиншилиги болмаған. Қураннын ҳәзирги тексти халифа Усман Мусхафи текстине толық сай келеди. Демек оған 651 жылдан кейин арнаўлы түрде ал-Хажжок буйрығы менен қандайда өзгерислер киргизилген деген жуўмақ ушын ҳеш қандай тийкар жоқ.

Қуран сүрелерин топлаў, дастхат етиў ҳәм бир китапқа айландырыў тарийхының дәслепки ислам дереклери тийкарындағы қысқа баянатына ноқат қойыў ушын европа ҳәм бурынғы совет ислам таныўшылары арасында

Қуран авторы ҳаққындағы мәселениң жаратылыўына да тоқтап өтиўге туўра келеди. Себеби бул туўралы тийкарсыз шешимлердиң шығарылыўы узақ ўақыт совет илиминде хүкимдарлық етип келгенлиги ислам таныў ҳәм Қуран таныўдың илимий раўажланыўына үлкен кесент берди.

Дәслепки әсирлерде Европа ислам таныўында христианлық ҳәм яхудий миссионерлери Қуранды бастан аяқ Таурат ҳәм Инжилден көширме деп кемситкен. Бул пикир рус шығыс таныўына да тәсир еткен. Нәтийжеде Казан илаҳият академиясының миссионерлери ғана емес, басқа айырым изертлеўшилердиң шығармаларында да бул пикир тилге алынған. Бул алымлардың бәршеси Қуранды тийкарынан Муҳаммед пайғамбардың жеке дөретиўшилиги деп қарар еди.

Әсиримиздиң 30 жылларында Я.И.Климович “Муҳаммед тарийхый тулға емес” деген теорияны алға сүрип, бәрше илимий ҳәм дөретиўшилик әдебиятынан орын алған ҳәм басқаша жуўмақ берген шешимлерди улыўма басыўға болмайтуғын ҳалға әкелген еди. Соннан кейин Қуранды ким дөреткен яки оның сүрелерин вахий сыпатында ким оқыған деген сораўлардың өзи ашық қалған.

Буны түсиндирип бериўге ҳәм жоқарыдағы сораўға дереклер тийкарында жуўап табыўға Л.И.Климовичтиң өзи де әззилик еткен; тийкарсыз пикирди ортаға таслап оны барлық әдебиятларға киргизиў ушын гүрес алып барған лекин сыпатлаў ушын бир де дәлил келтире алмаған. Жоқарыдағы сораўға өз хаслына қарсы жуўап табыўға урынған ислам таныўшы илимпаз Е.А.Беляев:”Қуран узақ ўақыт даўамында көп тәлийматшылар, соннан ханифлер дөреткен сүрелер ҳәм раўаятлардың топламынан ибарат; ол топлам етилгеннен кейин Муҳаммедтиң дөретиўшилиги деп тәрийпленген” деген пүткиллей надурыс пикирди алға сүрген.

Бул жуўмақларды керисинше, ислам таныўға байланысы жоқ болған ҳәм илимге тосаттан келип қалған авторлар байрақ етип көтерип жүрди, ол халықлардың өтмиш мәдениятын бийкар етиўге жумсады. Нәтийжеде миллий мәдениятларға зыян келтирилди.

**Қуран VII әсирге тән жазба естелик** болғанлығы себепли ишки дүзилис, усыл, мазмун, мәниси жағынан өзине сай қәсийетке ийе топлам.

Қуран 114 сүреден ибарат. Ҳәзирги заман көз қарасынан сүрени айырым алымлар бугинги жазыўдағы баплар менен сәйкеслендирип «бап» деп те атайды. Лекин буған қосылыў мүмкин емес, сүре бап емес, тек те Қуранға сай болыўды аңлататуғын атама. Соның ушын оны басқа ибара менен алмастырыў тарийхый естеликке хүрметсизлик болады. Арабша «сүре» атамасының Қуран пайда болған дәўирдеги сөзлик мәниси дийуал тиклеўде терилетугын тас яки тастың ҳәр бир қатарын аңлатқан. Оны «дизбе» мәнисинде түсиниў мүмкин.

Қуран текстлеринде болса «сүре» толық рәўиште «аятлар топлам» мәнисин беретуғын жерлери көп ушырағаны себепли бул термин тийкарынан «аятлар жыйындысы» мәнисинде түсиниледи.

Сүрелер Қуранда өз мазмунлық избе излиги яки оқылған ўақтына яғный

хронологиялық тәртипке қарай емес, бәлки көлемине қарай жайластырылған. Сүрелердиң көлеми де ҳәр қыйлы; ең үлкен көлемге ийе болған 2 сүреде 286 аят бар, ең киши сүрелер текстте 3 аяттан ғана ибарат.

Узын сүрелер китаптың басынан қыска сүрелер онын ақырынан орын алған дереклерде аныкланыўынша әййемги араблардың ҳәм улыўма Азиядағы сомий халықларының дәстүрине байланыслы болған. Бул ҳәр қыйлы жазыўлар, раўаятлар яки әдебий шығармалар топланып китап етилгенде үлкен көлемдеги шығармалар биринши орында, кишкенелери кейин жайластырылған екен. Заид Ибн Собит Сухуфты топлап дастхат еткенде усы дәстүрди басшылыққа алған болса керек.

Қуран – ири ислам идеяларын өзинде сәўлелендирген бирден бир жазыў болғанлығы себепли текте ислам тарийхы менен шуғылланған алымлар ғана емес, бәлки ислам тарқалған халықлар әдебияты ҳәм мәденияты менен шуғылланыўшылардың бәршеси бул китапты анализлеўге үлкен итибар бергенликлери тәбийий бир жағдай есапланады. Соның ушын XIX әсирдиң орталарынан баслап дереклерде ушырасатуғын тарийхый ўакыялар ҳәм шахслардың хызмети туўралы мағлыўматларға қарап сүрелердиң яки айырым топар аятларының пайда болған дәўирин анықлап, қысқасы сүрелердиң тарийхый хронологиялық тәртиби менен көп алымлар шуғылланған.

Немис алымлары Нольдке ҳәм Гримме, рус алымларынан И.Ю.Крачковский ҳәм К.С.Кашталевалардың бул тараўдағы хызметлерин айрықша тилге алып өтиў керек. Олар алып барған тексериўлер нәтийжесинде сүрелер хронологиясы тек те улыўмалық тәризде ғана анықланған.

Нольдке ( 1836 – 1930) өз хронологиясында бәрше сүрелерди улыўма 4 тийкарғы дәўирге бөлген: I. Мекка дәўиринде 48 сүре болып олар Муҳаммед хызметиниң дәслепки 4-5 жылына ( 610 – 614) . II . Мекка дәўиринде 21 сүре оннан кейинги еки жылға ( 615-616). III. Мекка дәўиринде 21 сүре хижрадан алдынғы 6 жылға ( 617-622). IV. Мадина дәўиринде 24 сүре Муҳаммедтиң Мадинада хызмет еткен дәўирине ( 622-632) туўры келеди деген шешим шығарған.

Гримме ( 1864 – 1942) болса өз хронологиясында Мадина дәўирине тийисли сүрелерди де 4 дәўирге ажыратқан. I .Мадина дәўири – Муҳаммед Мадинаға келгеннен Бадр урысына шекем оқылған сүрелер – 4 ( 622-624); II. Мадина дәўири – Бадр урысынан Ухуд урысына шекем –3 сүре(624-625); III. Мадина дәўири Ухуд урысынан Мекканың алыныўына шекем 13 сүре ( 625 – 630); IV. Мадина дәўири Мекканын алыныўынан Муҳаммедтиң өлимине шекем – 4 сүре (630-632) оқылған деген жуўмақты шығарған. Лекин бул хронологияның айырым жерлери шәртли болып, бир қатар сүрелер ҳәм топар аятларының оқылған дәўири ҳәм олардың қандай ҳәдийселер менен байланыслы екенлиги үстинде алымлар ортасында еле де улыўмалық пикирге келинбеген.

Қысқасы Нольдке ҳәм Гриммениң XIX әсир ақырларында алға сүрген хронологиясы, енди ислам тәлийматын кейинги бир әсирде үйренген

нәтийжелерде анықланған фактлер ҳәм исленген талаблар жуўап бермей қалды. Ислам таныўдың ҳәм Қуран таныўдың ақырғы жуўмақлары тийкарында, бизиңше сүрелердиң хронологиялық тәртибин төмендегише бираз тәртиплестирилген формада көз алдымызға келтириў мүмкин.

I. ***Мекка дәўири ( 616 – 615).*** Бул дәўирде жоқары әдебий дөретпе үлгилери болған сажь жанрындағы сүрелер оқылған. Европа алымлары буған «назмий сүрелер» деп ат берген.

II. ***Мекка дәўири ( 616 – 619).*** Муҳаммед ҳәм оның шәкиртлери мудамы қәўип астында жасаған ҳәм көпшилиги Хабашстанға көшип кеткен ўақытта оқылған. Бул сүрелерде Алланың “Рахман” сыпаты көп тилге алынғанлыгы себепли Европа алымлары оларды “Рахман сүрелери” деп атаған.

III. ***Мекка дәўири (620 – 622).***Бул дәўирде де Муҳаммед ҳәм оның шәкиртлери қәўип астында жасаған; жасырын рәўиште көбинесе қаладан сыртта ибадатқа жыйналған. Бул дәўир сүрелеринде исламның тийкарғы тәлийматына кең орын берилгенлиги себепли, европа алымлары буларға “Пайғамбарлықсүрелери” деп ат берилген.

Келтирилген сүрелердиң хронологиялық тәртибинде сол жағдай көзге тасланады, Муҳаммед өмири ҳәм хызметиниң Мекка дәўиринде жүз берген ҳәдийселер ҳәм сүрелердиңоқылған жылларын анықлаў мәселеси еле көп изертлеўлерге ҳәм анықлықлар енгизиўге мүтәж. Бул дәўир бир ири дереклер тийкарында тереӊ изертленбеген, айырым алымлар Мекка дәўирине тийисли ўақыя ҳәм ҳәдийселердиңҳәммесин әпсана депқарап келгени нәтийжесинде илимий жақтан еле көп ҳәдийселер еле жетерли анықланбаған ҳалда қалып келмекте.

Мадина дәўиринде жүз берген ўакыя Мекка дәўирине қарағанда бираз анығырақ болып, олар тийисли сүрелерде де мәлим дәрежеде өз сәўлелениўин тапқан. Сол себепли Мадина дәўирине тийисли сүрелердиң тарийхый хронологиясы бир қанша анығырақҳәм тийисли дәлиллер тийкарында тәрийпленген деп жуўмақ шығарыўмүмкин.

Тарийхый ўакыялар анығырақ көзде тутылған ҳалда Мадина дәўирине тийисли 24 сүрени Гримме усынған 4 дәўирге емес, бәлки бизиң пикиримизше 5 дәўирге ажыратқан мақул.

Қуранның дүзилиси ҳаққындағы гәпти даўам етсек, ондағы ҳәр бир сүре аятлар жыйындысынан ибарат. “Аят” сөзи тек Қуранныңөзине тийисли термин болып “хикмет”, “илахий белги”,”шешим” мәнисин аңлатады. Қуран текстлеринде жүдә көп ушырасатуғын бул термин ҳәмме жерде де бир түрли мәниде ислетилген емес.

Аятлардың көлеми ҳәрқыйлы, айырым аятлар бир неше түрли пикирди билдиретуғын үлкен бир жуўмақтан ибарат, айырым аятлар текте еки сөзден ғана ибарат. Мәселен: 1. Аспан жарылғанда. 2. Жулдызлар шашылғанда. 3. Дәрья теңизлер ашылғанда. 4.Қәбирлер төңкерилип қойылғанда. 5.(Әке усы күнде ҳәр бир) жан өзи (өмири дүньялық шағында) изинде қалдырған бәрше нәрселерди (жақсы- жаман усылларды) билер!(821-5).

Қуран – муқаддес китап, онын мазмунын Алла сөзлеринен ибарат деп есаплаўҳәм Қураннынөзиндегикөрсетпелерге тийкарланған:*”ол (Алла) буннан бурын жиберилген (китап)лардың туўрылығын тастыйықлап, соған хақыйқат китапты жиберди”. “Биз Нуўға, Яқыпқаҳәм онын әўладларына, Исаға, Аюбқа, Юнусқа, Хорунға, Сулайманға қандай вахийққылған болсақҳәм Даўытқа Забурды қәйтип жиберген болсақ, саған да усындай вахий жибердик”. “Сенин Құранды адамларға үзип үзип оқып бериўиң ушын биз оны бөлеклерге бөлип саған жибердик”.*

Қуран арабларға түсиникли болыўы ушын араб тилинде жиберилгени ҳаққында да көрсетпелер бар: “Биз оны арабша Қуран етип жибердик, итимал енди түсинерсизлер”.

Қуран 22 жыл даўамында оқылғаны себепли дәўирҳәм шараятка сай рәўиште оны айырым көрсетпелери де өзгерип барған. Соның ушын насх ҳәм мансух теориясы бойынша кейинги дәўирдеги аятлар оннан бурынғы аятларды бийкар етиўи мүмкин. Буны төмендеги аятлар дәлиллейди:”Қашан болмасын, биз(бир) аятты бийкар етсек, яки оны умытыўды буйырсақ, биз оннан жақсысын яки соған теңин келтиремиз”.

Әне сол себепли ислам илахиятында “насх (бийкар етиў) теориясы пайда болған. Бул теория бойынша Қуранда “насх” (бийкар етиўши) ҳәм “мансух” (бийкар етилиўши) аятлар бар. Демек мазмуны жағынан бир бирине сай келмейтуғын бири екиншисин бийкарлайтуғын аятлардың пайда болыўы тарийхый дәўир тақазасы менен байланыслы деп есапланады.

Қулласы, Қуран исламда муқаддес китап, бәрше билимлер тийкары, нызамлар топламы, мазмуны аспаннан қудай вахий еткен китап деп исеним жүргизиледи.

Енди Қуранның ишки дүзилислерининөзгешеликлерине де тоқтап өтейик. Қурандағы ҳәр бир сүренин аты бар, бул ат сүре басланарда атама қылып берилген. Алымлардың пикиринше, сүре жәниўар атлары болып Қуранды басып шығарыўўактында киритилген болыўы керек. Көпшилик жағдайларда сүрениң аты онын мазмунына сай келмейди, ҳәр бир аятта тилге алынған бир атқа, сөзге яки раўаятқа тийкарланып сүрелерге ат берилген.

Алымлардың пикиринше сүрелердиң атлары дәслепки ўакытта бир неше сөзден дүзилген жуўмақлардан ибарат болған кейин алақыскарып барып сол жуўмақлардан бир сөз сақланып қалған болыўы мүмкин. Соның ушын 2 сүре ал-Бакари (Сыйыр) болса, сүреде буған тийисли рәўаят берилген. Буннан тысқары ислам дәстүрлеринде айырым әҳмийетли аятлардыңөзине сай аятлары да пайда болған, олар сол аятлардың мазмун ҳәм әҳмийетине қарап берилген. Мэселен, “Аят ал – курсий” (Тахт аяты), “Аят ал-таьаддуд аз-завжот” (көпқатынлық аяты”, (Аят ал – хавф” (“қәўип аяты”) х.т.б.Аят атлары диний әдебиятта кейин пайда болған, болмаса Қуран текстинде хеш қандай аятка ат берилген емес.

Қуранның дүзилисинин және бир қәсийети соннан ибарат, сүреҳәм аятларда бир пикиряки раўаят жүдә көп мәртебе тәкирарланғанын көриўмүмкин. Бул даўыслап оқыўдәўиринде мәлим идея, раўаят ҳәм

көрсетпелерди тәкирарлап айтыў менен байланыслы болған. Соның ушын Қуран мазмуны, оның тәлийматын үйрениўҳәм тастыйыклаў ушын мәлим идея, раўаят яки норма қайталанған онлаған аятлардан 2-3еуи оның толық мазмунын түсинип алыўға мүмкиншилик береди.

Қурандағы 29 сүрениң басланыўында бир яки бир неше айрықшаҳәриплер бар. Мәселен“алиф”,”лом” ,” мим” х.т.б. Бул ҳәриплер ҳаққында диний әдебиятта тийкарынан “бул ҳәриплердиң мазмуны сыр, оны текте Муҳаммедтиңөзи билген” олар “Қуранның сыры” деген пикир айтылады.

Европа ислам таныўшыларының гейпараларыныңбулҳәриплер мазмунын шешиўге қаратылған урыныўлары да нәтийже бермеген.Мәселен, Нольдке булҳәриплер Зайд топлаған ўақытта айырым сүрелерди оқып берген адамлардың атларының бас ҳәриплериболыўы мүмкин, кейин бул ҳәриплердиң мәниси умытылған деген пикирди айтады. Лекин бул тек болжаўғана оны тексериўҳәм аныклаў ушын ҳеш қандай дерек жоқ.

Қуран ири тарийхый ҳәм мәдений естеликсыпатындаVIIәсирдеги араблар өмири ҳәм турмысының бираз тәреплерин өзинде сәўлелендирген. Онда диний философиялық көринислер ҳәм раўаятлар, қәўим урыўшылықөмир тәризине сай дәстүр, үрп әдет ҳәм мәресимлер, жәмийетлик ҳәм экономикалық мүнәсибетлерди тәртипке салыўшы хуқықый ҳәм турмыслық нызам ҳәм қағыйдалар, сондай ақ шаңарақ неке, үлкенлер ҳәм кишилерге мүнәсибет, саўда сатық, қарыз мәселелерине сай көрсетпелер ҳәм т.бөз сәўлелениўин тапқан. Әне усы жағынан Қуранның инсап, хуждан, хадаллық киби тараўлардағы әҳмийети ҳәзир де оғада зәрүр екенлигин айрықша атап өтиў керек.

Сондай ақҚуранәййемги араб тили, әдебиятының оғада әҳмийетли, ири естеликлериниң бири екенлигин тастыйықлаў зәрүр. Араблар тарийхында Қуранға шекем бир де ири жазба шығарма болған емес.

Қуранның илгери мәлим болған естеликлерден екеўин тилге алыўмүмкин. Олардың бири Түслик Арабстанда – Яманда дүньяға келген Сабоъ жазыўлары болып, олар тек те тасларға ойып жазылған үлгилер сыпатында сақланып қалған. Кейинги бирярымәсир даўамында Европа алымлары усы тас жазыўүлгилеринен 700ден артығырағын таўып жәрия еткен. Олар тийкарынан араб хүкимдарлары ҳәм қәўим баслықлары жазып қалдырған урыс, әскерий атланыслар шегара белгиси сыпатында қойылған үлгилерден ибарат.

Екинши топар естеликлер исламнан бурынғықәўимлер өмири, қаҳарманлық, урыс, мәртлик жеңислерине бағышланған Касайдалар еди. Бул дөретиўшилик үлгилери араб халифалығы пайда болғаннан соң «Аббосийлер» хүкимдарлығы дәўирлеринде ғана топланып китап етилген.

Қуранның усыллары кейинги әдебиятта үлкен тәсирин тийгизген ондағы раўаят ҳәм әпсаналар, нәсият ҳәм мысаллар текте диний емес, бәлки пүткил әдебиятқа тарийхый, философиялық тараўларға да сиңип кеткен. Соның ушын Қуранды жақсы билмей турып араб халықлары ҳәм улыўма мусылман халықларымәденияты ҳәм әдебиятын тереңүйрениў, түсиниў бираз мушкилге

туседи.

Ҳәзиргиуақытта көпшилик халықтың пикир усынислары итибарға алынып, Маўараннахр мусылманлары Диний басқармасының инициативасы менен Қуранөзбек ҳәм қарақалпақ тиллерине аўдарылып басып шығарылды.

Буннан басқа да Қурандүньядағы жүдә көп тиллерге аўдарылған. Оны Батыс Европа тиллерине аўдарыўXI әсирден рус тилине аўдарыўXVIIIәсирде Петр 1 инициативасы менен басланған. 1790 жылы басып шығарылған М.Н.Веровкин аўдармасы итибарлы рус алымларының пикирине қарағанда А.С.Пушкинниң атақлы "Подражания Корану" (Қуранға еликлеўлер) шығармасына себепши болған.Г.С.Саблуковтың арабшадан дәслепки орысша аўдармасы Каганда үш мәртебе басып шығарылған.Қуранның туркий аўдармаларыныңқол жазба нусқалары да бизге мәлим.

## Қадағалаўсораўлар:

1. Қуран Қуранкашан пайда болған?
2. Қуран кандай бөлимлерден ибарат?
3. Қуран кимлер тәрепинен топланған?
4. Қуранды кимлер аўдарған?

## Әдебиятлар дизими:

17.Токарев С.А. Религия в истории народов мира. 4-е изд., испр. и доп. М., 1986.

18. Тайлор Э. Первобытная культура. М., 1989.

19. Религиозные традиции мира. Буддизм, иудаизм, христианство, ислам. Справочник школьника. Бишкек, 1997.

20. Радугин А.А. Введение в религиоведение: теория, история и современные религии. М., 1996; 2-е издание, исправленное и дополненное. М., 1999.

21. Основы религиоведения. Под редакцией И.Н.Яблокова. М., 1994. Издание второе, переработанное и дополненное. М., 1998.

22. Лекции по истории религии. Учебное пособие. Санкт-Петербург, 1997.

23. Лекции по религиоведению. Под редакцией профессора И.Н.Яблокова. М., 1998.

24. Абдусамедов А.И. Диншунослик асослари. Т., Ўзбекистон, 1995.

25. Ислам на территории бывшей Российской империи. Энциклопедический словарь. Под редакцией С.М.Прозорова. Выпуски 1-3. М., 1998-2001.

26. Мўминов А.Қ. Диншунослик асосларини ўқитиш ва ўрганишнинг ягона концепцияси. Т., Тошкент давлат шарқшунослик институти, 1999.

27. Исҳоқов М.М. Халқ даҳосининг қадимги илдизлари ва илк куртаклари (Зардуштийлик, Зардушт ва Авесто ҳақида) // «Тил ва адабиёт таълими» журнали, № 2 (1992), Б. 3-12.

28. Ҳасанов А.А. «Қадимги Арабистон ва илк ислом, жоҳилия асри». «Тошкент ислом университети», 2001 йил.

29. «Ислом зиёси ўзбегим сиймосида». «Тошкент ислом университети» нашриёти, 2001й.

30. Йўлдошхўжаев Ҳ., Раҳимжонов Д., Комилов М. Диншунослик: маърузалар матни. Т.: 2000й.

31. Қуръони карим.-Т.: «Чўлпон», 1993 йил.

32. Ҳусниддинов З.М. «Ислом: йўналишлар, оқимлар, мазҳаблар». «Ўзбекистон миллий энциклопедияси» давлат илмий нашриёти. Тошкент, 2000 йил.

## IV. ӘМЕЛИЙСАБАҚЛАР МАТЕРИАЛЛАРЫ

### 1-әмелийсабақ
### Диний дереклердиүйрениўмашқалалары

1.Диний дереклердианықлаў, таңлаўҳәманализетиў
2.Жазбадереклердисыпатлаўусылыҳәмолардыталабаларғатүсиндириў.
3.“Муқаддесдерек” түсинигиҳәмоған динлердеги қатнасықлар.

### 2-әмелийсабақ
### Яҳудийлик ҳәмхристианлық диний дереклери

1.Яҳудийлик ҳәмхристианлық диний дереклери
2.Таўраткурамынакиргенкитаплар
3.ЖаңаЎәсият

### 3-әмелийсабақ
### Зардуштийлик дереклери

1. Зардуштийликниңпайдаболыўы.
2. Авестоныңмуқаддесжазыўы.
3. Зардуштийлик мәресимлери.

### 4-әмелийсабақ
### Ҳиндистан динлеридереклери

1.Ҳиндистан динлеридереклери
2.Хинд диний традициялары.
3.Хинд динлериниң философиялық – әдеп икрамлық тийкарлары.
4.Буддизм диний тәлийматы ҳаққында.
5. Конфуцийлик ҳәм даосизм.

### 5-әмелийсабақ
### Ислам дини дереклери

1.Қуран ҳәм оның пайда болыўы.
2.Қуран сүрелериниң топланыўы.
3.Қуранның дүзилиси ҳәм аўдармалары

## V. КЕЙСЛЕР БАНКИ

Орайлық Азияның әййемги халқы ҳәм олардың диний көз қараслары ҳаққында нелерди билесиз?

Яҳудийликтиң жүзеге келиўи, эволюциясыҳәм тәлийматында диний-философиялық караслары ҳаққында айтып бериң.

Ҳиндистандағы каста дүзиминиң философиялық анализи ҳәм оны сақлап қалыў ушын болған ҳәрекетлер ҳаққында айтып бериң.

Конфуцийликтиң диний-философиялық тәлиймат сыпатында қәлиплесиўи ҳаққында нелерди билесиз?

Библияны сөзбе сөз талқын қылыўшы фундаменталистлик ҳәрекетлердиң мазмун-мәниси нелерден ибарат?

## VI. ҒӘРЕЗСИЗБИЛИМЛЕНДИРИЎТЕМАЛАРЫ

**Ғәрезсиз исти шөлкемлестириўдиң формасы ҳәммазмуны**

Тыңлаўшығәрезсиз исти модулдың өзгешеликлерин есапқа алғанжағдайда төмендеги формалардан пайдаланып, таярлаўы усыныс етиледи:

- нормаатив хүжжетлерден, оқыўҳәмилимийәдебиятлардан пайдаланыўтийкарында модуль темаларынүйрениў;
- тарқатпа материаллар жәрдеминде лекциялардыөзлестириў;
- арнаўлы әдебиятлар бойынша модуль бөлимлери якитемаларыүстинде ислеў;
- әмелийсабақларда берилген тапсырмаларды орынлаў.

**Ғәрезсизбилимлендириўтемалары**

1.ОрайлықАзияның әййемгихалқыҳәмолардың диний көз караслары.
2. Қурбанлық келтириў үрпәдетлериниң диний-философиялық мазмуны.
3. Хаома ишимлигин ишиўдиңдиний-идеялықмазмуны.
4. Өлимҳәмақырзаманнан кейинги өмирдиңдиний-философиялық түсиндирмеси.
5. Урван ҳәм фраваши руҳларыҳаққындағы диний көз карaслары.
6. «Барлық руҳлар» байрамыҳаққындағы диний көз карaслары.
7. Шомонизм «Шомон» сөзиниң сөзлик мәниси, философиялықидеясы.
8. Миллий динлер философиясы.
9. Яҳудийликтиңжүзегекелиўи, эвалюциясыҳәм тәлийматында диний-философиялық қараслар.
10. Яҳудийликте миссия-азат етиўшиниңкелиўиниңидеялықтийкарлары.
11. Ҳиндистандағы каста дүзиминиңфилософиялықанализиҳәмоны сақлап қалыўушынболғанҳәрекет.
12. Брахманлықпенен буддизм ортасындағыидеялықгүрес.
13. Браҳманлықта тән алынғантийкарғыүшҚудай: 1) Браҳма; 2) Вишну; 3)Шива, олардың диний- философиялықидеялары.
14. Ҳиндуийлик тәлийматыҳәмфилософиялыққараслары.
15. Ҳиндуийликтеги жәннет ҳәм дозақҳаққындағы диний- философиялыққөз қараслары.
16. Конфуцийликтиң диний-философиялықтәлийматсыпатындақәлиплесиўи.
17.Ислам мәселесинде тәғдир мәселеси.
18. Мутакаллимлар ҳәм муътализийлердиң пикир таласы темаларымазмуны.
19. Тасаввуф философиясында инсанеркинлиги мәселеси.
20.Фундаменталист, радикал ислам тәрепдарларының көзқараслары.

## VII. ГЛОССАРИЙ

| Термин | Қарақалпақ тилинде түсиндирмеси | Англичан тилиндеги түсиндирмеси |
|---|---|---|
| **Абхидхарма-Питака** | – буддавийликтиңмуқаддескитабы Трипитаканыңфилософиялық ҳәм психологияға тийислибөлими. | |
| **Авесто** | (әйй. иран-паҳлавий. «орнатылған, қатаңқылып белгиленгеннызам-қәделер») зардуштийликтиңмуқаддескитаб ы. | |
| **Ақида** | араб тилинде қандай да бир нәрсени байлаў мәнисин аңлатады. Айтылыўда болса ақоид илиминиң белгили атамаларының бири. | |
| **Ақылый дәлил** | Мутакаллимлердиң өз раъйлары. Пикир қарасларытийкарындақандай да бир догмалық мәселеге берген жуўаплары. Ақылый дәлил тийкарынан логика  менен байланыслыесапланған | |
| **Анимизм** | латын тилинде “анима”- руҳ, жан мәнисин аңлатады. Анимизм руҳлар барлығына исеним, тәбияткүшлерин илаҳийлестириў, ҳайўанат, өсимлик ҳәм жансыз денелерде руҳ, санатәбият, қүдирет барлығыҳаққындағы тәлиймат. | |
| **Апокалипсис** | “ЖаңаЎәсият”тың | |

| | | |
|---|---|---|
| **(Ўаҳийнама)** | курамбөлимиболып, оны “Инжил” авторларынан бири Иоанн илаҳий илҳам арқалы жазған, деписенимқылынады. Усы китапта қиямет ҳәм Исаныңекинши қайтыўыменен байланыслы ҳәдийселер баянқылынған. | |
| **Апостол** | христиан тәлийматы бойынша Исаның еңжақын жәрдемшилериниң атағы. Олардыңтийкарлары 12 : Пётр (Симон Ионин), Андрей, Иоанн, Иаков Зеведеев, Филипп, Варфоломей, Матфей, Фома, Иаков Алфеев, Фаддей, Симон Кананит, Иуда Искариот (Исони сотган ҳаворий), Матфий (Иудадан соңоның орнын ийелеген). Булардан тысқарыжәне 70 хаўарийлер бар болғаны христиан әдебиятларында көрсетиледи. | |
| **Арафот** | (араб. «танымақ, билмек» фейилинен) Мекка қаласының шығыс тәрепиндеги тобелик. Раўаятларға бола, жәннеттен түсирилгенАдам Атаҳәм Ҳаўа Енежердедәслепкирет мине усы тобеликте ушырасқан. Сонынушындаоны «Арафот» – «Танысыў» деп атаған. Ҳаж маўсиминдебарлық ҳажылар қурбан ҳайытынан алдыңғы күн таңнан күн батқанша сол тобелик әтирапындағы майданда турыўларыпарыз. Сол себепли ҳайыттан алдыңғы күн «арафа | |

| | | |
|---|---|---|
| | күни» депаталады. | |
| **Библия** | – яҳудийлықҳәмхристианлық динлерининңтийкарғымуқаддесде реги. Яҳудийлер “Библия”сы “Китве кадеш” ҳәм “Танах” деп театалады. Христианлар тәрепинен тән алынатуғын Библия “ӘййемгиЎәсият” ҳәм “ЖаңаЎәсият”дан ибаратболып, улыўмаесапта 66 китапдан ибарат. | |
| **Дин** | инсанийат руўҳый турмысының курам бөлими. Дин инсандықоршап алғанорталықтан тысқарыда болғанҳәмәлемдегибарлық нәрселерди жаратқанусы ўақытта инсанларға дурыс, ҳақыйқый, әдил жолды көрсететугынҳәмүйрететуғынила ҳий болмысқа исеним, караслар тәлийматы. | |
| **Дин психологиясының тийкарғы объекти** | Диндарлардың дингеисеним қылмайтуғынадамлардыңминез қулқыҳәм ҳәрекетиненпарық қылыўшы психологиялықөзгешеликлерин методологиялықпринциплертийк арындаүйрениў. | |
| **Диний психология** | булпүтин диний массағатәнкөз караслар, сезиўлер, кейпиятлар, үрп-әдет, традицияларменен байланыслы диний идеясистемасының улыўма бирлигинен ибарат. | |
| **Индульгенция** | католик ширкеўи тәрепинен диндарларға қылынғаняки қылыныўымүмкинболғангүналар | |

| | | |
|---|---|---|
| | ды кешириў ҳаққында берилетуғын гуўаҳнама. Ол пул якиширкеўалдындағы хызметлар есесинебериледи. | |
| **Инжил** | (грекше - “Евангелие”) “ЖаңаЎәсият"дағы Марк, Матто, Луқо ҳәм Юҳаннолардан раўаятқылынғанкитапларнәзерде тутылады. Оларда Иса Масиҳтың өмир жолыҳәмәжайып затлары баянқылынған. | |
| **Кардиналлар коллегиясы** | Рим католик ширкеўиндегиЖоқары кеңес. Папа орны босап қалғанда оның ўазыйпасын орынлаўҳәмжаңа Папаны сайлаўўазыйпаларын орынлайды. | |
| **Миро майы** | Христианлықтың жети сырлы мәресимлеринен бириндеденеге сүртилетуғын хош ийисли май. | |
| **Табу –** | тотемистлик көз қараслар барболған жәмийеттеги диний тәртип. Булкөз қарасларғабола, табуды бузған адам руҳлар ҳәмкудайлартәрепинен оған аўыр кеселлик якиөлимжибериў менен жазаланады. Табу мәлим бир буўымға тиймеслик, мәлим сөзди айтпаслық, мәлим ҳайўанлардың гөшин жемеслик сыяқлылардан ибаратболыўымүмкин. | |

## VIII. ӘДЕБИЯТЛАР ДИЗИМИ

**I.**

**ӨзбекстанРеспубликасы Президентиниңшығармалары**

1. Мирзиёев Ш. Буюк келажагимизни мард ва олижаноб халқимиз билан бирга қурамиз. – Тошкент: “Ўзбекистон” НМИУ, 2017. – 488 б.

2. Mirziyoyev Sh. Qonun ustuvorligi va inson manfaatlarini ta’minlash – yurt taraqqiyoti va xalq farovonligining garovi. O‘zbekiston Respublikasi Konstitutsiyasi qabul qilinganligining 24 yilligiga bag‘ishlangan tantanali marosimdagi ma’ruza. 2016-yil 7-dekabr. – Toshkent: “O‘zbekiston” NMIU, 2017. – 32 b.

3. Mirziyoyev Sh. Erkin va farovon, demokratik O‘zbekiston davlatini birgalikda barpo etamiz. O‘zbekiston Respublikasi Prezidenti lavozimiga kirishish tantanali marosimiga bag‘ishlangan Oliy Majlis palatalarining qo‘shma majlisidagi nutq. – Toshkent: “O‘zbekiston” NMIU, 2017. – 32 b.

4. “Ўзбекистон Республикасини янада ривожлантириш бўйича Ҳаракатлар стратегияси тўғрисида”ги Ўзбекистон Республикаси - Президентининг Фармони. – Халқ сўзи, 8-февраль 2017-йил.

5. Каримов И. А. Юксак маънавият енгилмас куч. –Т.:Маънавият, 2008.

6. Каримов И.А. Ўзбекистон XXI аср бўсағасида: хавфсизликка таҳдид, барқарорлик шартлари ва тараққиёт кафолатлари // Ўзбекистон буюк келажак сари. – Т.: Ўзбекистон, 1998. – Б. 415-683.

7. Каримов И.А. Тарихий хотирасиз келажак йўқ // Биз келажагимизни ўз қўлимиз билан қурамиз. – Т. 7. – Т.: Ўзбекистон, – 1999. – Б. 132-154.

8. Каримов И.А. Жамиятимиз мафкураси халқни халқ, миллатни миллат қилишга хизмат этсин. «Тафаккур» журнали бош муҳаррирининг саволларига жавоблар // Биз келажагимизни ўз қўлимиз билан қурамиз. – Т. 7. – Т.: Ўзбекистон, – 1999. – Б. 84-102.

9. Каримов И.А. Аллоҳ қалбимизда, юрагимизда. «Туркистон пресс» ахборот агентлиги мухбирининг саволларига жавоблар // Биз келажагимизни ўз қўлимиз билан қурамиз. – Т. 7. – Т.: Ўзбекистон, 1999. – Б. 349-355.

10. Каримов И.А. Ўзбекистон XXI асрга интилмоқда: Президент Ислом Каримовнинг Биринчи чақириқ Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлисининг ўн тўртинчи сессиясидаги маърузаси. 1999 йил 14 апрель. – Т.: Ўзбекистон, 1999. – 48 б.

11. Каримов И.А. Озод ва обод ватан, эркин ва фаровон ҳаёт пировард мақсадимиз. – Т.: Ўзбекистон, 2000. – 526 б.

12. Каримов И.А. Хавфсизлик ва тинчлик учун курашмоқ керак. – Т. 10. –Т.: Ўзбекистон, 2002. – 429 б.

13. Каримов И.А. Биз танлаган йўл – демократик тараққиёт ва маърифий дунё билан ҳамкорлик йўли. – Т. 11. – Т.: Ўзбекистон, 2003. – 318 б.

14. Каримов И.А. Ватанимизнинг тинчлиги ва хавфсизлиги ўз куч-қудратимизга, халқимизнинг ҳамжиҳатлиги ва букилмас иродасига боғлиқ. – Т.: Ўзбекистон, 2004. – 30 б.

15. Каримов И.А. Ўзбек халқи ҳеч қачон, ҳеч кимга қарам бўлмайди. – Т.: Ўзбекистон, 2005. – 158 б.

16. Каримов И.А. Юксак маънавият – енгилмас куч. – Т.: Маънавият, 2008. – 176 б.

## II. Норматив-ҳуқықый ҳужжетлер

17. Ўзбекистон Республикасининг Конституцияси.– Т.: Ўзбекистон, 2017.

18. «Виждон эркинлиги ва диний ташкилотлар тўғрисида»ги Ўзбекистон Республикасининг Қонуни (янги таҳрири) // Ўзбекистоннинг янги қонунлари, № 19. –Т.: Адолат, 1998.

## Ш. Арнаўлы әдебиятлар

19. Абу Абдуллоҳ Муҳаммад ибн Исмоил ал-Бухорий. Ал-Жомиъ ас-саҳиҳ (ишонарли тўплам): 4 жилдли. – Т.: Қомуслар бош таҳририяти, 1991-1999.

20. Абу Абдуллоҳ Муҳаммад ибн Исмоил ал-Бухорий. Саҳиҳ ал-Бухорий: 2 жилдли. – Т.: Ўзбекистон миллий энциклопедияси, 2008.

21. Авесто “Видевдат” китоби / М.М.Исҳоқов таржимаси. – Т.: ТошДШИ нашриёти. – 96 б.

22. Авесто “Яшт” китоби / М.Исҳоқов таржимаси. – Т.: Шарқ, 2001. – 124 б.

23. Аҳмедов Б. Тарихдан сабоқлар. – Т.: Оқытыўшы, 1994. – 432 б.

24. Аширов А. Ўзбек халқининг қадимий эътиқод ва маросимлари. – Т.: Алишер Навоий номли миллий кутубхона нашриёти, 2007. – 275 б.

25. Беруний Абу Райҳон. Қонуни Масъудий // Беруний А.Р. Танланган асарлар. V том. Биринчи китоб. – Т., 1973. – 590 б.

26. Беруний, Абу Райҳон. Қадимги халқлардан қолган ёдгорликлар // Беруний А.Р. Танланган асарлар. I том. – Т., 1968. – 486 б.

27. Босворт К. Мусулмон сулолалари. Йилнома ва шажаралар бўйича маълумотнома. Изоҳлар билан таржимаси. – Т.: ФАН, 2007. – 270 б.

28. Диний экстремизм ва терроризмга қарши курашнинг маънавий-маърифий асослари: ўқув қўлланма / Масъул муҳаррир А.С.Очилдиев; – Т.: “Тошкент ислом университети” нашриёт-матбаа бирлашмаси, 2008. – Б. 246.

29. «Диншуносликнинг долзарб муаммолари» мавзуидаги 1-илмий-амалий анжумани материаллари тўплами. – Т. «Тошкент ислом университети» нашриёт-матбаа бирлашмаси, 2009.

30. «Диншуносликнинг долзарб муаммолари» мавзуидаги 2-илмий-амалий анжумани материаллари тўплами. – Т. «Тошкент ислом университети» нашриёт-матбаа бирлашмаси, 2010.

## IV. Электрон таълим ресурслари

1. www.Ziyonet. uz
2. www.edu. uz
3. Infocom.uz электрон журнали: www.infocom.uz
4. www.nuuz.uz
5. www.bimm.uz